ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫНЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№169 (21.577) ● 2009 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 8, гъубж ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●Гулытэ

Дамыгъэ лъапІэхэр зи нагъыщэ

Иджыблагъэ Правительствэм и Уэрэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен щаригъажьи къэрал дамыгъэ зэмылІуужьыгъуэхэр зыхуагъэфащэ щыхУ 49-м.

ЗЭІУЩІЭР къыщыхэІуихьи, абы къыхигъэщащ иужьрей илъэсищым къыриубыдэу республикэм и бюджетым федерал мылькуу къыІэрыхьэр процент 70-м щегъэжьауэ 50 хуэдизым нэскІэ зэригъэмэщІар. Апхуэдэ екъулІэныгъэфІ зиІэ нэгъуэщІ щыналъэ Урысей Федерацэм хэткъым икІи нобэ ягъэлъапІэхэм абы я фІыгъэ куэд хэльщ. Къалэн нэхъыщхьэу иджы зыхуагъэувыжыр зыщыщІэм нэхърэ нэхъыбэ республикэми къыхуэлэжьын хуэдэу, и Іуэхуэр зэтеухуэиращ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мІэ екъулІэныгъэхэм кІэщІу къыгъуэІа иэужь, Къанокъуэ Арсен ригъажьи Урысей Федерацэм и Президентым и унафэкІэ «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и медалым и II нагъыщэр зыхуагъэфащахэм. Ахэр къызэрымыкІуэ медицинэм и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и дохутыр **Бабаев Вячеславрэ** Налшык и «ДэІэпыкъуэгъу» псынщІэм» и фельдшер **Дзэмыхъ Хъэзэтрэщ.**

Апхуэдэу, Урысей Федерацэм и Президентым и унафэкІэ «ХэкІуадэр къызэрыригъэлам папщІэ» медалыр хуагъэфэщащ Куржыр Осетие Инщэм щытеуам, гуэзвэгъуэ хэхуахэм ядэІэпыкъуэ медицинэ лэжьакІуи 9-м. Абыхэм ящыщи Налшык и «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэм» и фельдшер **Жырыкъ Мурат,** къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ медицинэм и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и медицинэ лэжьакІуэ **Хъэтэжей Рустам,** а Іуэхуэщ Іапэ дыдэм и дохутыр **Шыбзыхъуэ Олег** сымэ.

Гулытэнщэу къагъэнакъым республикэм и щІэныгъэлІхэри. «Урысей Федерацэм щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІэ» щІэ льапІэр къыхуагъэфащащ физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъУ-м и проректор **Шыбзыхъуэ Аэмэтджэрий.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щыхь тхылъхэр зрата цыхуэ 12-м ящыщщ «Налшык и жыг хадэ» ООО-м и жыгтэкІ **Нартыжь Хъэпшэтэр** Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэпсо Гуащэ театрым и унафэщІ **Шумахуэ Владимирр.**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ усакІуэ» щІэ льапІэр **Ацкъан Русланрэ,** «КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ» щІэр **Нало Заурбий** сымэ къыхуагъэфащащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артист а махуэм хъуа цІыхуи 10-м яэхтщ уэрэджыІакІуэ **Тхъэгъэлэдж Светлан,** Къэбэрдей къэрал драмтеатрым и лэжьакІуэ **Тхъэщыгуей Жанн,** «Кабардинка» ансамблым и къэфакІуэхэу **Къуэныкъуейкъэ Алимрэ Иринэрэ.**

ЗэІущІэм и кІуэху, Президентым къыхигъэщащ къэрал нагъыщэхэр зратыну къыхахар нэхъыбІхэр зэрыларар икІи иджыри зэ абыхэм псоми екъуэхъуащ.

Дамыгъэ льапІэхэр ирата нэхъыбІэ республикэм и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Правительствэм и УнафэщІ Меркулов Александррэ журналистхэм я упщІэхэм жэуап ираташ.

Меркуловым къыхигъэщащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ кулыкъым щыгрыуэр лъэхъэнэм абы и экономикэ Іуэхуэр зэрымыкІэр. Ар ягъэм щылэжьа Волгоград щыналъэм и бюджетыр сом мелардиплІкІэ ягъэмэщІэн хуей зэрыхъуар къэпльытэмэ, республикэм зыубгъуауэ зэрызижьыр зэрынэрылагъур жиІащ.

- Ди экономикэм и ІэнатІэ псомИ дяпэкІэ нэхъ зыкъатэтынущ, нэхъ щІэгъуэхуэбжьауэ лэжьыгъэхэр щекІуэкІынущ. Апхуэдэщ уэхуэныгъэри. Республикэм социальнэ Іуэхуэхэр зи лъабжьэ и проектхэм ящыкІ псэупІэ унэу 3 хуэзи щыщІэздзащ. ДяпэкІэ социальнэ псэупІэщ нэхъыбэу духуэнур. Мыгувэу Налшык и КъуэкІыпІэ хьбэлэщІэм псэупІэу метр зэбгъуэзнатІэ зы мелуан щыдухуэнущ, - жиІащ Къанокъуэ Арсен, ди газетым и упщІэм жэуап къыщиртым.

ГЪУЩІО Зариф.

«ИНТЕРФАКС» хъыбарегъащІэ агентствэм дыэзрыт мазэм егъэльапІэ къыхэрызэрагъэпэщрэ илъэс 20 зэрырикъур. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен а ПІальэ гуфІэгъуэмкІэ екъуэхъуащ «Интерфакс»-м и генеральнэ директор Комиссаров М. В.

«ПщІэ зыхуэсщІ Михаил Виталий и къуэ!

«Интерфакс» хъыбарегъащІэ агентствэр къыхэрызэрагъэпэщрэ илъэс 20 зэрырикъымкІэ фи гъэмкьакІуэхэм сиІуапэу сохъуэхъу.

«Интерфакс» агентствэр нобэ Урысейм и мызакъуэу дуней псом щынэхъ ин, нэхъ мыхьэнэщхуэ щызыІэ, ди къэралми абы и щІыбкІи къыщыщхъуэхэм псынщІэу щыгъуазэ дыщызыщІ хъыбарегъащІэ ІэнатІэ лъэщІ. Дунейпсо хъыбарегъащІэ Іуэхуэщ Іапэхэр иджыпсту уи нэгу къыщІэбгъэувэну гуэлыщ абыхэм «Интерфакс»-м и гъэлэщІэхэр фиІэну, хъыбарегъащІэ ІэнатІэм дяпэкІи пашэныгъэр щыфІыгъыну!» - къыщыригъэльэгъуащ хъуэхъу телеграммэм.

● Май куей

Іэмэпсымэщ Іэхэр къыщ Іэгъэк Іыным зытраухуэ

Совет лъэхъэнэм къэралпсо мыхьэнэ зиІа «Секкаврентгенэ Іуэхуэщ ІапІэм иужьрей илъэсищ Іым Урысейм щекІуэкІа зэхъуэкІыныгъэхэр къыжьэхэмыуэу къэнакъым.

ЩІЭУПЩІЭШХУЭ зиІэу щыта рентген Іэмэпсымэхэр гъэхьэзырынырэ зэпыуат, езым хуэдэ адрей Іуэхуэщ ІапІэхэм яхуиІэ пыщІэныгъэхэр зэрыфІэмыкІуэдам къыхэкІыу. Мы зэманым Іуэхуэщ ІапІэр щытыкІэ гугъум къиКІыу хуежьащ. Иджы дыдэ иужь ихьащ рентген аппаратыщІэ зэпкърыльхьэнам. Абы и мыхьэкъуэу, заводым къщІигъэкІыу щІидзащ «Милка» жэмыш Іэмэпсымэр.

Іуэхуэщ ІапІэр и унэтІыныгъэкІэ мэкъумэщ ІэнатІэм пэжжьжьэ пэгъми, нобэ хозяйствэ куэд зыхуэныкъуэ «жэмышыр» щагъэхьэзырыфынуди республикэм итыр «Севкаврентгенэ»-м и закъуэщ. Абы зэуэ жэмитпщІ къыхуэупльэнущ. Абы Іэщ фермэхэм я лэжьыгъэр куэдкІэ ящигъэпсынщІэнущ, мэкъумэщ предприятэшхуэхэми фермер Іуэхуэщ ІапІэхэми зэхуэдэу къыщыбгъэсэбэп мэхъу. Іэмэпсымэр зэрымыным къыхэкІыу Іэщ зыбжанэ зезыхуэ унагъуэхэми тыншу къагъэсэбэпыфынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КъБР-м и Президентыр «Интерфакс» хъыбарегъащІэ агентствэм йохъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ 2009 - 2010 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрыляжьэнум хуэгъэхьэзырынымкІэ щыІэ республикэ комиссэм и зэІущІэ фокІадэм и 4-м зэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Уянаев Казым.

ПРОМЫШЛЕННОСТЫМКІЭ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ министр **Абрэдж Іэдиб** и докладым зэрыщыжиІамкІэ, гъэпльыгъуэ зэманым зыхуэгъэзэжьхьэрынырэ республикэ штабым и нэІэ щІэту къыззрагъэпэщ.

- Гулъытэ хэха худощ фытэр куэд хъу унэхэр къыщыхуэтынщэу зэдгъэпщэныжынпапщІэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэр дэІыгъыныжкІэ Фондым тхухих ахъшэр зэрыдубзыхуам тету къэгъэсэбэпынми. Къапщтэмэ, ягъэбелджыла уни 118-м щыщу 111-м лэжьыгъэхэр щызэфІэкІащ. Зэрыщыту къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэр къэралми абы и щІыбкІи къыщыщхъуэхэм псынщІэу щыгъуазэ дыщызыщІ хъыбарегъащІэ ІэнатІэ лъэщІ. Дунейпсо хъыбарегъащІэ Іуэхуэщ ІапІэхэр иджыпсту уи нэгу къыщІэбгъэувэну гуэлыщ абыхэм «Интерфакс»-м и лэжьакІуэ ІэкІуЗлъакІуэхэр ахэмыту. Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ политикэ гъащІэмрэ социально-экономикэ зыуэжьыныгъэмрэ къэгъэльэгъуэным илъэс куэд ІъандэрэІ гулъытэ хэха зэрыхуищым папщІэ нобэрэй щхьэусыгъуэр къэзгъэсэбэпу агентствэм фІыщІэ хуэсщІыну сыхуейщ.

Ущрэ уи лэжьэгъуэмэ сыныводхуэхъу екъулІэныгъэщІэхэр фиІэну, хъыбарегъащІэ ІэнатІэм дяпэкІи пашэныгъэр щыфІыгъыну!» - къыщыригъэльэгъуащ хъуэхъу телеграммэм.

●Ямэ игъэщ ыпхъэ

Щ ІымахуэМ зыхуагъэхьэзыр

гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм процент 89-кІэ хуэхьэзырщ, - къыжигъэщащ министрым.

Кьыхалъхьа Іуэхуэгъуэм теухауэ зэІущІэм къыщыпсэльащ КъБР-м узыншагъэр хъумэныжкІэ и министрым и къуэдзэ **Адкъан Ратмир**, «Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэм электрокъарур ятезыгуащІэ коланиер» ОАО-м и республикэ къудамэм и унафэщІ **Гъубжокъуэ Юрэ**, Дзэлыкъуэ район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Васильченкэ Евгение**, нэгъуэщІхэри.

Жалахэр зэхалъхьэжа нэжь, зытепсэлъыхьахэм теухуэ унафэ ящащтащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Иджы Урысейм къокІуэ

- Мыхьэнэщхуэ зиІэ унафэ къэтщтащ: Ираным мазхуэ къэс гъэсныпхъэ барель мин 20 ятщэнущ, - жиІащ Венесуэлэм и президент Угэ Чавес.

Абы къызэригъэлъэгъуамкІэ, иращэну гъэсныпхъэр Ираным Іэрыхьэм щІидзэнущ мы гъэм и жэпуэгъуэм.

Венесуэлэм и президентыр щыхьэщІащ къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ къэралхэм, политикэ, энергетикэ, зауэ ІуэхуэхмкІэ зэхуаІэ зэпыщІэныгъэхэр щигъэбыдэн папщІэ. Махуэ 11-м кьриубыдэу ар щыІащ Ливием, Алжирым, Сирием, Ираным. Иджы ар щыІащ Ливием, Алжирым, Сирием, Ираным. Иджы ар Венесуэлэм къокІуэ, абы и лІыщІхэхэм къэрал ІуэхуэмкІэ епсэльэн мурад иІэу.

Аргуэру щІадзэж

Китайм и Синьцзян-Уйгур автоном куейм щекІуэкІа кьаугъэм тхьэмахуэ кІуам щ Іэрыщ Іэу щ Іидзэщащ, ар махуэ къэс нэхъ щ ІыщІэгъуэ къыщІэплъэ зэпытщ.

Мин бжыгъэ куэд хъу цІыхуэхр щызэзауэм, зэхуэсахэр зэбгрихуи мурадкІэ полицэм кьигъэсэбэпащ газ зэмылІэужьыгъуэхэр.

Урумчи къалэм хабзэхъуэмэхэмрэ зыкъэзыІэтахэмрэ щызэпэуакІэм щыхэкІуэдащ цІыхуи 5, 14 уэрэз хьащ.

Фигу къэдгъэкІыжьинщи, бадзэуэгъуэм и пэщІэдзэм уйгур мусылымэм лъэпкъым щыщу цІыхуитІ хань лъэпкъым щыщхэм зэраІэщІэуэкІэрэ, къауагъэр ахэр щыпсэу куейм щызэщІэплъэ зэпытщ.

Ар дзыгъэушхуэ?

«Би-Би-Си» телерадиокомпаниием къызэрытымкІэ, щІэныгъэлІхэм Папуа-Новэ Гвинеем и джунгли мэзхэм къыщагъэтащ дзыгъэушхуэхэм я лІэужьыгъуэщІэ. Абы сантиметр 82-рэ и кІыхьагъщ.

«Би-Би-Си»-м и щІэныгъэлІ гупым а щІыпІэм щытрахьрт «Вулканым и щІыналъэ кІуэда» фильмыр. Дзыгъэуэр абыхэм къыщаубыдар Босави бгым и кратерым и Іэгъуэблагъэращ. А экспедицэм щІэныгъэлІхэм къащыпэщІэхуар дзыгъэушхуэм и закъуэкым - ахэр ирихьэлІащ иджыри псэушхь лІэужьыгъуэ гъуэтыгъуэй зыбжанэм.

- Мыр дунейм щынэхъ ин дзыгъэушхуэм щыщщ. Ар кьалэ канализацэм щыпсэуэхэм хуэдэщ, - жеІэ экспедицэм хэта, псэушхьэхэр джыныкІэ щІэныгъэлІ Кристофер Хельген.

Дзыгъэушхуэм и хьэлъагъэш килограмм 1,5-рэ, щхьэфэщ, бзаджэ, и фэм дыжьынафэ къыщІольадэ. КІэщІу жыпІэмэ, ар щыхъумащ щІыІэми псыІагъэми.

Къагъуэта дзыгъэушхуэ лІэужьыгъуэщІэм фІащыну хэзгъэщІэныгъэлІхэм къагупсысакъым.

Лъэпкъ Іущ ІагъэІ:

Къуаншэу ущ ІысМи, захуэу псалъэ.

◆Ленинград блокадэм щыхэкІуэдахэм я фэепль махуэщ

◆1812 гъэм Кутузов Михаил зи унафэщІ урысыдзэр франджыдзэм Бородино дежь щезэуащ. Бородино зауэм и махуэщ.

◆ФокІадэм и 8 - 10-хэм Рим (Италие) щызэхэтынущ жылагъуэхэмкІэ ЕтІуанэ Дунейпсо конференц.

◆ФокІадэм и 8 - 9-хэм Хабаровск щекІуэкІынущ КъухэпІэ Жыжьэм и IV дунейпсо экономикэ форум.

◆ФокІадэм и 8 - 10-хэм Владивосток щызэхэтынущ блэжьеящхэм я IV дунейпсо конгресс.

◆Дыгъэ къыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 36-м, къухьэжынущ сыхьэт 19-рэ дакьикъэ 33-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакьикъэ 57-рэ.

Шлаиэр къыхэзыгъэр **ГЪУЩІО Зариф.**

● ФокІадэм и 8-р Журналистхэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ

Дэнэ щ ІыпІи щокІуэкІ

Журналистхэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэр гъэлъэпІэн хуейуэ 1958 гъэм Бухарест унафэ къыщащтат, абы журналистхэм я дунейпсо организацэм и 4-нэ конгрессыр щекІуэкІыу. Абы хэтахэм зэраубзыхуамкІэ, а махуэм журналист псори зэгухьэу ягъэлъэгъуэн хуейщ зэрызэкъуэтыр, ерыщу я хуитыныгъэхэр зэрахьэмэнур.

МЫ ІУЭХУР кьрахьэжьэным щхьэусыгъэу хуэхьэуащ 1943 гъэм фокІадэм и 8-м журналист, тхакІуэ, антифашист щІэрыІуэ Фучик Юлиус иэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм зэрауклар. Ар пасэу политикэм дихьэхат икІи 1921 гъэм Чехословакием и коммунист партыр кьыззыгъэпэщахэм ящыщат. 1942 гъэм ар гестапэм яубыдащ, щхьэхуитщІыжакІуэ зэщІэхьеныгъэм щыщу иджыри щІыхуи 6 щІыгъуу.

Фучик Юлиус дуней псом щІэрыІуэ щІыхъуащ «Репортаж с петлей на шее» зи фІэщыгъэщІэ и тхылыр кьыдэкІа иэужь. Ар абы Прагэ и тутнакъэщхэм щитхат. Езыр дунейм ехыжа иэужь, а тхылыр бзэ 70-кІэ зэрадзэкІащ икІи 1958 гъэм щыщІэдзауэ Фучик щаукІа махуэр ягъэлъапІэ журналистхэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэу.

Журналистхэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэм дзнэ щІыпІи щокІуэкІ зэІущІэхэр, конференцхэр, съездхэр. Абыхэм щызэхуос къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм кьикІэхэр. Апхуэдэ гуфІэгъуэ зэхьыхьэхэм ахэр я ІэзагъымкІэ щызэдэгущІ къудейкьым, атІэ ящыныкъуэхэм дежи егъэдекуэу щыныкъуэщхуэ зэпыщІа я лэжьыгъэм кьыпэкІуэ дамыгъэ льапІэхэри щагуэш.

ШЭДЖЭМ Тыгъуэ.

Зыужьныгъэм ухуэзышэ

●ФокІадэм и 8-р ЩІЭныгъэ зэгъэгъуэтыным и дунейпсо махуэщ

ЩІЭныгъэ зэгъэгъуэтыным и дунейпсо махуэщ ІыпІэ куэдым щагъэльапІэ илъэс 40-м щИгъуауэ. Льапкъэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм (ООН-м) и унафэкІэ а махуэр ягъэуващ 1966 гъэм фокІадэм и 8-м. А махуэм Тегеран къыщызэІуахауэ щытащ егъэджаныгъэмрэ щІэныгъэкІэ министрэхэм я дунейпсо зэхуэсыщхуэ.

ЩІЫ ХЪУРЕЙМ и къэрал куэдым я лІыкІуэхэр къызрихьэлІа конференцым щытепсэлъыхьащ ЩІыхуабэм щІэныгъэ къеджэкІэ, тхэкІэ, бжэкІэ ящІэу щІэблэр къэгъэтэджыным мыхьэнэшхуэ зэриІэм. Зыужьныгъэм, ехъулІэныгъэ куэдым я льагапІэ инхэм ухуэзышэ, псэукІэр езыгъэфІакІуэ, узыншагъэр зыхъумэ а Іэмал гъуэзджэм дэнэкІи щыІэр гулъытэ хэхэр щигъуэтыным псори къыхуриджащ ЮНЕСКО-м. ЦІыхубэм щІэныгъэ егъэгъуэтыныр дэнэкІи къыщыхэгъэпэщыныр зи къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ а ІэнатІэм ИО дежьы гъэшхуэ зэфІех. Пан Ги Мун зэрыжиІамкІэ, ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм унафэ къыщтащ Льапкъхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм хьыхь къэралхэм щІэныгъэ зэгъэгъуэтыным я илъэсипщІ 2010 гъэм къыщыщІэдзауэ 2020 гъэм нэсыху ирагъэкІуэкІыну. Дуней псор къапщтэмэ, еджэкІэрэ тхэкІэрэ зымыщІэ щІыху балитхъэм я бжыгъэр мелуан 800-м ноблагъэ. Абыхэм я нэхъыбапІэр бзыльхъугъэщ. Школ кІуэгъуэ ныбжьым нэса сабийхэм ящыщу апхуэдэ Іэмал яІэкъым мелуан 75-м щИгъум.

Ди къэралым гулъытэшхуэ щегъуэт ЦІыхухэм щІэныгъэ, ІэщІагъэ егъэгъуэтыным. Абы къызэщІиубыдэ щІыналъэхэм ящыщ дэтхэнэми зы цІыхуи щыбгъуэтыныкъым (я ныбжьым елъытауэ) тхэкІэрэ еджэкІэрэ зымыщІэ. ТъэсапІэхэм, пэщІэдзэ еджапІэхэм, курыт школхэм сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ щагъэтІылъ щІэныгъэхэм я лъабжьэр.

Адэкіэ абыхэм я щІэныгъэм щыхэкІуэдащ ящыщат. 1942 гъэм ар гестапэм яубыдащ, щхьэхуитщІыжакІуэ зэщІэхьеныгъэм щыщу иджыри щІыхуи 6 щІыгъуу.

Фучик Юлиус дуней псом щІэрыІуэ щІыхъуащ «Репортаж с петлей на шее» зи фІэщыгъэщІэ и тхылыр кьыдэкІа иэужь. Ар абы Прагэ и тутнакъэщхэм щитхат. Езыр дунейм ехыжа иэужь, а тхылыр бзэ 70-кІэ зэрадзэкІащ икІи 1958 гъэм щыщІэдзауэ Фучик щаукІа махуэр ягъэлъапІэ журналистхэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэу.

Журналистхэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэм дзнэ щІыпІи щокІуэкІ зэІущІэхэр, конференцхэр, съездхэр. Абыхэм щызэхуос къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм кьикІэхэр. Апхуэдэ гуфІэгъуэ зэхьыхьэхэм ахэр я ІэзагъымкІэ щызэдэгущІ къудейкьым, атІэ ящыныкъуэхэм дежи егъэдекуэу щыныкъуэщхуэ зэпыщІа я лэжьыгъэм кьыпэкІуэ дамыгъэ льапІэхэри щагуэш.

ШЭДЖЭМ Тыгъуэ.

Абхъазыр СНГ-м хагъэхьэну?

АБХЪАЗ. *Урысей Федерацэм и журналистхэм иджыблагъэ интервью ятІуІэрэ, республикэм и Президент Бэгъэшыр Сергей жиІащ Абхъазыр СНГ-м и хьыхьэкІэ зэрыхуцуар икІи УФ-м, Белоруссием, Абхъазым, Осетие Инщэм зэгъэуэ Союз хэлъыгъуэ къызэрагъэпэщыным зэрегулысыр.*

- АБХЪАЗЫР и щхьэ хущытыж къэралыгъуэ щхьэхуэу къызэралытэным дытелажьэ зэпытщ, абы къыдэкІуэуи щынагъуэншагъэр республикэм щыдогъэбыдэ, - къыхигъэщащ Бэгъэпщ Сергей.

Ныкъуэдыкъуэхэм я Іуэхуэхмкі эсовет

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и президентым и пресс-Іуэхуэщ ІапІэм къызэритамкІэ, КъШР-м и унафэщым и деж иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщащ Ныкъуэдыкъуэхэм я Іуэхуэхмкі эсовет.*

СОВЕТЫМ и къалэн нэхъыщхьэр ныкъуэдыкъуэхэм я дэІэпыкъуныгъэ, абыхэм ехьэлІа республикэ программэхэр зэхэгъэувэнырщ, ахэр гъэзэщІэнырщ. Апхуэдэуи советым къыпщытэнущ ныкъуэдыкІуэхэм ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм кьарикІуэхэр, ахэр егъэфІакІуэ, зэрызыгъэуэ Союз къалыщІэхэри къыхилхьэнущ.

Автомашинэ лІэужьыгъуэщІэ къыщІегъэкІ

Къэрэшей-Шэрджэсым щыІэ «Дегиаус» заводым къыщышІагъэкІынущ Китайм и «Geely МК» автомашинэ псынщІэхэр икІи абыхэм я уасэм процент 7 - 12-кІэ хэхьэнущ.

«GEELY МК» нэхъ мащІэ дыдэу сом мин 269-рэ и уасэщ. Иджыпсту заводым къыщІигъэкІыр «Lifan 620» машинэ псынщІэ лІэужьыгъуэхэрщ.

Яухуэр ягъэмащІэ

АДЫГЕЙ. *Республикэм и Президентым и пресс-Іуэхуэщ ІапІэм къызэритамкІэ, дызэрыт илъэсым кьырибыдэу Адыгейм социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхуэщ ІапІэу 6 лажьэу яутІупщынущ.*

Къулыкъум ягъэув гражданхэу, ар пІалъэкІэ езыхьэкІ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущІэхэу зи хэхъуэхэм, зи мылькум, а мылькур зыхуэдэм ехьэлІауэ яІэ кьалэнхэм, апхуэдэу я щхьэгъусэмрэ балигъ мыхьуа я бынхэмрэ я хэхьуэхэм, я мылькум, а мылькум ехьэлІауэ яІэ кьалэнхэм теухуа хъыбархэр къэзытын хуейхэр зыпэрыт Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум и ІэнатІэхэр зэрызэкІэлъыхьа щІыкІэр къэщтэным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум и ІуэхукІэ» 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м къащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №81-РЗ-м и 13-нэ статьям ипкъ иткІ**э унафэ щІ:**

1. Къулыкъум ягъэув гражданхэу, ар пІалъэкІэ езыхьэкІ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущІэхэу зи хэхъуэхэм, зи мылькум, а мылькур зыхуэдэм ехьэлІауэ яІэ кьалэнхэм, апхуэдэу я щхьэгъусэмрэ балигъ мыхьуа я бынхэмрэ я хэхьуэхэм, я мылькум, а мылькум ехьэлІауэ яІэ кьалэнхэм теухуа хъыбархэр къэзытын хуейхэр зыпэрыт Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум и ІэнатІэхэр зэрызэкІэлъыхьа щІыкІэм теухуауэ кьыхалъхьар къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал органхэм я унафэщІхэм:

а) къулыкъум ягъэув гражданхэу, ар пІалъэкІэ езыхьэкІ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущІэхэу зи хэхъуэхэм, зи мылькум, а мылькур зыхуэдэм ехьэлІауэ яІэ кьалэнхэм, апхуэдэу я щхьэгъусэмрэ балигъ мыхьуа я бынхэмрэ я хэхьуэхэм, я мылькум, а мылькум ехьэлІауэ яІэ кьалэнхэм теухуа хъыбархэр къэзытын хуейхэр зыпэрыт Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум и ІэнатІэхэр зэрызэкІэлъыхьа щІыкІэм, къулыкъухэр кьызэращта мы Указым и 3-нэ пунктым ипкъ иткІэ, мазэ пІалъэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и зыхуэфащэ къэрал органхэм щыщІэгъэбыдэн;

б) Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущІэу Іуэхур зэгъэщІылІаХэр ІэнатІэхэр зэрызэкІэлъыхьа щІыкІэм теухуауэ мы пунктым и «а» пункт гуэдзэм щыуб зыхуахэм хэгъэгъуэзэн.

3. Мы Указым кьару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭАрсен

Налшык къалэ
2009 гъэм шыщхьэІум и 26-м
№127-УП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм шыщхьэІум и 26-м кьыдигъэкІа Указ №127-УП-мкІэ кьыщтащ

Къулыкъум ягъэув гражданхэу, ар пІалъэкІэ езыхьэкІ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущІэхэу зи хэхъуэхэм, зи мылькум, а мылькур зыхуэдэм ехьэлІауэ яІэ кьалэнхэм, апхуэдэу я щхьэгъусэмрэ балигъ мыхьуа я бынхэмрэ я хэхьуэхэм, я мылькум, а мылькум ехьэлІауэ яІэ кьалэнхэм теухуа хъыбархэр къэзытын хуейхэр зыпэрыт Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум и ІэнатІэхэр

зэрызэкІэлъыхьа щІыкІэр

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум и ІэнатІэхэу «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къэрал къулыкъухэм я реестрымрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къэрал граждан къулыкъум и ІэнатІэхэм я реестрымрэ я Іуэхукі э» 2007 гъэм гъатхэпэм и 24-м кьыдэкІа Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №20-РЗ-мкІэ къащтэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Къэрал граждан къулыкъумкІэ и ІэнатІэхэм я реестрым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум и ІэнатІэкъэ щІыкІэм теухуауэ ІэнатІэхэм я унафэщІхэм я къулыкъухэр.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІэу органхэм я щІыналъэ Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэм я къулыкъухэр.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум и ІэнатІэхэм пщэрылькІэ зэфІагъэкІыпхъэ хохьэ:

зэпымыууэ, пІалъэкІэ е властым и лІыкІуэм и пщэрыль хэхам ипкъ иткІэ кьызэгъэпэщыныгъэ-унэтІыныгъэ, административно-хозяйствэ кьалэнхэр гъэзэщІэныр;

гражданхэмрэ организацэхэмрэ къэрал Іуэхутхьбзэхэр яхуэщІэныр;

къэпщытэныгъэ, кІэлъыплъныгъэ Іуэхугъуэхэр кьызэгъэпэщыныр;

бюджет ахъщэхэр, субсидиехэр, бюджет зэхуакъ трансфертхэр зэрыхухахынум теухуа унафэхэр гъэхьэзырыныр, ахэр кьэщтэныр, апхуэдэу гъэтІылъыгъэ пыухыкІахэр тегуэшэныр;

къэрал мылькур зехьэныр;

къэралыр зыхуейхэр кьэщхэуныр е лицензэхэмрэ хуит зыщІ тхылъхэмрэ етыныр;

мылъку-техникэ гъэтІылъыгъэхэр хъумэнымрэ тегуэшэнымрэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущІэхэм, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэм я хэхъуэхэм, ябгъэдэлъ мылькум, а мылькур зыхуэдэм ехьэлІауэ яІэ кьалэнхэм теухуа хъыбархэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал органхэм я официальнэ сайтхэм зэрыщатхыну икІи кьытрадзэн папщІэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм зэрыратыну щІыкІэр къэщтэным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэхэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущІэхэм, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэм я хэхъуэхэм, ябгъэдэлъ мылькум, а мылькур зыхуэдэм ехьэлІауэ яІэ кьалэнхэм теухуа хъыбархэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал органхэм я официальнэ сайтхэм зэрыщатхыну икІи кьытрадзэн папщІэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм зэрыратыну щІыкІэм теухуауэ кьыхалъхьахэр къэщтэн.

2. Мы Указым кьару егъуэт ар официальнэу кьыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭАрсен

Налшык къалэ
2009 гъэм шыщхьэІум и 26-м
№129-УП

ЩІДАА-м и зэІущІэшхуэм хэтхэу Уэкъутэ Александр, Бэчыжь Лейлэ, Кьардэн Заремэ сымэ Японием кьикІа Миядзавэ Эйджи гуапэу кьрагъэблэгъащ.

Академик Бэвыжь Мухьэмэд.

Урысей Академием и член-корреспондент, ЩІДАА-м и академик Балегъ Юрий.

●Лъэпкъ Іуэху

Адыгэ

Ди газетым зэрытеташи, шыщхьэІум и 27-м Хьэбэз къуажэ (КЪШР) пэмыжыжьэу щыІэ «Іэдинху и чэщанэ» ваъуитху Щэныгъэщым и зэхуэсыпІэ пэщышхуэм щекІуэкІащ Щэныгъэхэмкі э Дунейпсо Адыгэ Академием и зи чэзу зэхуэсышхуэ. Абы хэтащ Испаниеи, Японием, Инджылызым, Тыркум щыщ лІыкІуэхэр, Адыгэ Академием и щІэныгъэ къудамэхэу Ставрополь, Краснодар крайхэм, Къэбэрдей-Балькъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ Республикэхэм щыІэхэм гупхэр.

ХАБЗЭ зэрыхуэам тегу, апхуэдэ зэІущІэ инхэр академием ильэсым зэ зэхешэ, а зэманым кьриубыдэу зэфІагъэкІахэм хопльэж, академием щІэуэ хагъэхьэну кьагъэльэгъуахэр зыхуэфащэу кьальытэмэ, абыхэм папщІэ Іэ яІэт. Иджырей зэхьихьэм кьызэщІиубыдэ Іуэхугъуэхэм ящыщт ЩІДАА-м и Уставым зэхъуэкІынигъэхэр хэльхьэным елэжьыну гуп щхьэхуэ кьызэгъэпэщыныр.

ЗэІущІэр кьызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ �щІДАА-м и вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщі э Мухьэмэд**. Зытепсэльыхьыну Іуэхугъуэхэм кьызэхуэсахэм щигъэгъуэза нэужь, абы япэу псалъэ иритащ �щІДАА-м и президент, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Нэхущ Іэдэм**.

- Мы гъэм ильэс 17 иригъэкІуэкІащ Щэныгъэхэмкі э Дунейпсо Адыгэ Академие кьызэрыгъэхурэ, - жиІащ Нэхущым. - Щэныгъэм и унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъэуз 9 (6-р щынальэ центрщ, 3-р хамэ къэралхэм щыдмІэ кьудамэщ) кьызэщІэзыубыдэ ди академием иджыпсту цІыху 309-рэ хэтщ. Абыхэм ящыщу 39-р щЫхь зиІэ академикщ, 192-р действительнэ членщ, 77-р член-корреспондентщ.

Ильэсым кьриубыдэу академием зэфІигъэкІа лэжьыгъэр кьызэщІэпкъуэжьмэ, кьыхэгъэщыпхъэщ гъэрдэкІэ лъапІэ махуэшхуэхэмкІэ гъэнщІауэ зэрыщытар. Нэгъабэ щыщхьэІум и 26-м Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ къэралыгъуэ щхьэхуиту Урысейм кьилъытащ. Дэ ильэс куэд хьуауэ дадолажьэ а республикэхэм я щІэныгъэлІхэм икІи дыщогугъ ди зэпыщІэныгъэхэр нэхьри быдэ хьуну.

Зи гугъу тщІы пІалъэм кьриубыдэу ди академикхэм монографиеу, зэрырагъаджэ, методикэ тхылъу 70-м щиГну кьыдагъэкІащ, патентрэ авторскэ щыхьэт тхылъу 15 кьратащ, я унафэм щІэту кандидат, доктор щІэныгъэ лэжьыгъэу 30 пхагъэкІащ. Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ хуащІа хэльхьэныгъэфІхэм папщІэ щЫхь тхылърэ дамыгъэ лъапІэхэмрэ академик зыбжанэм кьыхуагъэфэщащ. Апхуэдэу Ломоносовым и щІэкІэ щыІэ медаль кьратащ ЩІДАА-м и академик Куымахуэ Владимир, Вавиловым и щІэкІэ щыІэ дыщэ медалыр ЩІДАА-м и член-корреспондент Щыдакъ Рашид кьыхуагъэфэщащ, «Кубань щІыналъэм и щІэныгъэм и льагапІэ» зэпеуэмрэ Егъэджэныгъэм зегъэужьыныкІэ щІыналъэ фондым иригъэкІуэкІ «ЩІэныгъэ тхылъ нэхьыфІ» зэхьэзэхуэмрэ я лауреат хьуащ �щІДАА-м и академик Щіо джэн Іэсхьэд, УФ-м и Къэрал Думэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и комитетым кьыбгъэдэкІ фЫщІэрэ саугъэтрэ кьратащ �щІДАА-м и член-корреспондент Паз Сергей, «УФ-м щЫхь зиІэ и щІэныгъэрылажьэ» щІэ льапІэр кьыхфащащ �щІДАА-м и академик Есчындар Мухьэдин.

АдэкІэ Нэхущ Іэдэм тепсэльыхьащ Адыгэ Академием щЫзэфІагъэкІа лэжьыгъэхэм. Абы кьыхигъэщащ фундаментальнэ щІэныгъэ къэхутэныгъэхэм гулъытэ нэхьыбэ дунейпсом щыхуащІ зэрыхьуам, абы ипкъ иткІэ, ди щІэныгъэлІхэр, къэрал къулыкъущІэхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, щэнхабзэ, егъэджэныгъэ ІэнатІэхэм пэрытхэр кьару зэщІэгъэуІуэІуакІэ ди льахэм щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ щегъэфІэкІуэным хуэлэжьэн зэрыхуейм.

- Егъэджакіуэм и кьалэн нэхьыщхьэр еджакІуэм дэІэпыкъуурэ абы и зэфІэкІыр къэхутэныгъэщІэхэм триуху уэнырц, и Іуэху еплъыкІэрэ гупсысэкІэрэ иІэжу ныбжьыщІэр кьитгъэхъунырщ, щІэныгъэ куу иритынырщ, - жиІащ Нэхущ Іэдэм. - Ди цІыхухэм, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэм, я гуащІэмрэ зэфІэкІкІымрэ, зыуэжьныныгъэм хуэунэтІауэ щытын хуейщ. Ар Адыгэ Академием игъэнэхьапэ Іуэхугъуэхэм ящыщщ. Дыеэкъуэту дэ дыхуэлэжьэн хуейщ ди цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным, социально-экономикэ хьэлэбэлыкъхэмрэ лъапкъ-политикэ зэпэщІэуэныгъэхэмрэ ялэІэщІэ хъуным. Апхуэдэ гупсысэщ лъабжьэ хуэхъуар Урысей Ипщэ федеральнэ округым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ епхауэ щыІэ лъэпощхьэпохэм ятеухуа щІэныгъэ конференциі нобэрей ди зэхуэсыщхуэм хэту кьыхэдгъэпэщыным. Сыщогугъ �щІДАА-м и зэхуэсышхуэмрэ щІэныгъэ конференцымрэ ящхьэкІэ къэзгъэлъэгъуа Іуэхугъуэхэр зэфІэхьыным хуэщхьэпэн хэкІыпІэхэр кьыхуагъуэтыну.

И къэпсэлъэныгъэм и кІэухыу Нэхущ Іэдэм фЫщІэ яхуищІащ �щІДАА-м и зи чэзу зэхуэсыр Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щегъэкІуэкІыныр кьадэзыІыгъахэу КъШР-м и Президентым, Правительствэм, Парламентым, �щІДАА-м и щІэныгъэ центру КъШР-м щыІэм, псом хуэмыдэу Бэчыжь Лейлэ, Темыр Умар, Уэхъутэ Александр сымэ.

Нэхущ Іэдэм и псалъэм кьыпищэу Адыгэ Академием и лэжьыгъэмрэ зыІуу лъэпощхьэпохэмрэ я гугъу ищІащ �щІДАА-м и щІэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ **Тхьэ ъэпль Хьэсэн**. �щІДАА-м и медаль яІэн хуейуэ, лэжьыгъэфІкІэ кьыхэжаныкІэр апхуэдэ дамыгъэрэ ахъшэ саугъэткІэ ягъэпэжэну абы кьызэрыхильхьар адрей академикхэм даІыгъащ.

Академием и экономикэ-финанс Іуэхухэр зыІутым трагъэпсэльыхьыну адэкІэ кьэпсэльапІэм кьрагъэблэгъащ бухгалтер нэхьыщхьэ **Зыхьэ Лидие**.

- �щІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиер нобэ зыхэпльэж лэжьэгъуэ ильэсым (2008 гъэм и шыщхьэІу мазэм щегъэжьауэ 2009-м и шыщхьэІу мазэ пщІондэ) мылъку хэкІыпІэу льэныкъуищщ иІар; академикхэм къат хэтыпщІэр, ЩІДАА-м и докладхэр» журналым и Іэ тедзапщІэр, Адыгэ Академием зыщІэзыгъэкъуэну зыфІэфІхэм кьабгъэдэкІ ахъшэр, - жиІащ Зыхьэм. - Хэтыпщ1эу гъэ кьэс сом мин 30 кьыхэкІыр, мы гъэм вносу кьыхэкІар зэрыхьур сом мин 16-щ, академием кьыдигъэкІ журналым и Іэ тедзапщІэр, сом мин 36-рэ диІащ, псори зэхэту жыпІэмэ, ЩІДАА-м Іуэху зэрызэригъэкІуэн мылъкуу дызытепсэльыхь пІалъэм бгъэдэлъар сом мин 58-рэщ. А ахъшэр Адыгэ Академием сытым триГъэкІуэда жыпІэмэ, нэхьыбэр «�щІДАА-м и докладхэр» журналыр кьыдэгъэкІынымрэ ар зэбгрегъэшынымрэ ихьащ. Фигу кьэзгъэкІыжынщи, а журналыр ильэсым тІэу кьыдокІ, зым сом 500 и уасэщ, Іэ тедзапщІэр сом 1000 мэхьу.

ЩІДАА-м и президенттымрэ щІэныгъэ секретарь нэхъыщхьэмрэ жаІахэм зэреплъыр кьагъэльагъуэу, езыхэр зыхиубыдэ щІэныгъэ центрхэм я лэжьыгъэм я гугъу ящІу кьэпсэльапІэм кьыхьащ Армавир дэт бзэхэр щадж университетым и профессор **Сэкий Риммэ**, �щІДАА-м и щІэныгъэ центрхэм я унафэщІхэу **Бырсыр Батырбий** (Мейкьуапэ), **Темыр Умар** (Черкесск), **Щоджэн Іэсхьэд** (Краснодар), **Лий Адэлджэрий** (Нартсанэ) сымэ, нэгъэущІхэри.

- ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и Краснодар щІэныгъэ центрым хьыхь Армавир къудамэм лэжьыгъэ щхьэпэ куэд зэфІегъэжІ ди лъэпкъ щэнхабзэм мыадыгэхэр щыгъэгъуэзэнымкІэ, - жиІащ �щІДАА-м и академик, бзэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Сэкий Риммэ. - Ди университетым зэрыщедгъаджэ сыхьэт бжыгъэм иджыри зыбжанэ кьыхэдгъэхъуащ, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр, гъуазджэр, литературэр ди студентхэм нэхьыбэу е дгъэщІэн мурадкІэ. АбыкІэ фІыщІэ хуэфащэщ академик Бэчыжь Лейлэ икІи мыбдеж кьыщыхэгъгъэщыну сыхуейщ ди университетым щеджэхэр а бзылъхугъэ гуащІафІэм хуабжьу зэрыхуэарэзыр, пщІэшхуэ зэрыхуащІыр, лекц кьытхуеджэну ныщыкІуэкІэ сыт щыгъуи гуапэу зэрырагъэблагъэр.

Сэкий Риммэ кьызэхуэсахэр апхуэдэу щигъэгъуэзащ ар зи унафэщІ еджапІэ нэхъыщхьэм Іуэрыіуатэ-этнографие кьэфакІуэ гуп иджыблагъэ кьызэрыщызэрагъэпэщам. «Ди деж щеджэ ныбжьыщІэ куэд я гуапэу а гупым хьыхьауэ адыгэ кьэфэкІэхэр зрагъащІэ. Абы и мызакъуэу, абыхэм ди льэпкъ тхыдэр ядж, Іуэаджэжэмкі э Кавказ Ищхьэрэ кьэрал институту Налшык дэтым бжыхьэ дызыхуэкІуэм щекІуэкІыну щІэныгъэ-практикэ конференцым абыхэм зыкъыщигъэльагъэу я мурадщ», - кьыхигъэщащ абы.

ЩІДАА-м и академик, Художествэхэмкі э Урысей Академием и член-корреспондент, КъБР-м и цІыхубз сурэтыщІ **Кіыщ Мухьэдин** кьыщыпсальэм, кьызэхуэсахэм я пащхьэ кърилъхьащ куэд щІауэ зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр, академием и Іуэху зехьэкІэр нэхьыфІ хъунымкІэ ильагъу хэкІыпІэхэр.

Академием и XVII зэIущIэшхуэ

Апхуэдэу, псальэм папщIэ, КIыщым кьелытэ щэнхабзэмрэ гъуаздждэмкIэ кьудамэ щхьэхуэ Адыгэ Академием иIапхъуэ, ЩIДАА-м и мылку кьыхэхьуапIэр нэхь уоэзыхуэу икIи зэпIэзэрыту щытын хуейуэ. Абы щхьэкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэри жиIащ. Сурэтыщым кьыхилъхьащ Адыгэ Академием хэт псоми я цIэ-унэцIэхэр, я гъащIэмрэ я гуащIэмрэ теухуэ тхыгъэхэр зэрыт, сурэтхэмкIэ гъэщIэрэщIа юбилей нэ тхылъышхуэ ЩIДАА-р илъэс 20 щIкурэ ирихьэлIэу кьыдагъэкIыну, итIанэ ар хабзэу кьащтэу илъэситху кьэс апхуэдэу ящIм, зэрыфIэтэмэмыр.

- А тхылъыр щхьэпэ хъунт академием хэтхэр нэхъыфIу дыз эрыцIыхунымкIи, зым и лэжьыгъэм адрейм пщIэ нэхъыбэ хуищIу десэнымкIи, ди лъэхъэнэгъухэмрэ щIэблэщIэмрэ ЩIДАА-м зэфIигъэкIхэм щыгъэгъуэзэнымкIи, - жиIащ КIыщ Мухьэдин. - Хьарзынэт, ди академикхэм я телефонхэр, веб-сайтхэр, Интернет-адресхэр иту справочник кьыткуэдгъэкIатэми. Ар щхьэпэнут ЩIДАА-м хэтхэр нэхъыбэрэ икIи нэхъ псынщIу дыз эзэрыщIэнымкIэ.

Апхуэдэу КIыщ Мухьэдин кьыхилъхьащ ЩIДАА-м и Iуэхухэр зэкIэлъызыгъэкIуэн, Интернет-сайтыр зыгъэлжьэн, академиемрэ и библиотекарь кьалэнхэр зыгъэзэщIэн цыху улахуэ ирату кьащтэфын папщIэ АР-м, КъБР-м, КъШР-м я президентхэм лъэIукIэ зыхуагъэзэну.

- ЗэфIэдгъэкIахэм урипльэкмэ, щIэныгъэ-кьэхуэтэныгъэ лэжьыгъэ щхьэпэ зыбжанэ кьыдэхъуIащ, - жиIащ ЩIДАА-м и апэ вице-президент, Адыгэ Академием и щIэныгъэ центру Мейкьуапэ щыIм и унафэщI **Бырсыр Батырбий** къэпсэльапIэм кьыщрагъэблагъэм, - Ди лэжьыгъэр нэхъыбэу зэрыщытащ бзэщIэныгъэмрэ литературэмрэ, щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ, псом хуэмыдэу социологиемрэ экономикэмрэ кьалэт упщIэхэм я жэуапхэр кьэпльыхъуэным. Зи гугъу ещы лэжьыгъэхэм ящыщщ мы гъэм накьыгъэм и 21-м Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 145-рэ зэрырикъум теухуауэ Мейкьуапэ щекIуэкIа дунейпсо щIэныгъэ конференцыр. Апхуэдэ зэхьокIэхэр кьэзэгъэпэщащ адыгэ уэзщIакIуэ Хьан-Джэрий кьэзэралъхурэ илъэс 200 зэрырикъум и щIыхькIэ, АКЪУ-м адыгэбзэ фило логиемкIэ и кьудамэм иригъэкIуэкIащ бзэм елэжь КIэрашэ Зейнэб и щIэкIэ зэхишэ конференцыр.

Бырсыр Батырбий кьызэхуэсахэм гу лъагирэтащ щIэныгъэ щрат Iуэхуащ Iэхэм физикэр егъэджыныр иужьрей илъэс 15-м Iэпэдэгъэлэл зэращIам, школыр кьэзыухъэм Iэмал имыIэу ятын хуей предметхэм ар куэд щIауэ зэрыхэмытыжым, абы кьыхэкIыу физикэ факультетхэм щIэтIысхьэхэр хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ зэрыхьуам икIи а псор уэзыгъэпIейтеин Iуэхуу зэрыщытым.

ЗыгъэпIейтей Iуэхуэхэм яущыщ Бырсыры апхуэдэу кьыхигъэщащ Тыркум щыпсэу адыгэхэм анэдэльхубзэр зэрафIэкIуэдыр, адыгэбзэм ирипсальэхэм илъэс 50 зи ныбжьхэм нэхъ нэхъ щалэ эрахъмытыр, зыхэсхэм яхэкIуэдэжьым зыщадзейуэ Хэкум къэкIуэжьыну къэхъуапсэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъуар. Апхуэдэ хъыбархэр абы зригъэщIащ иджыблагъэ а къэралым щыщIам. И къэпсэльэныгъэм и кIэпсэльэныгъэм и кIэхьыу Бырсыр Батырбий кьыхилъхьащ АКЪУ-м адыгэбзэмрэ щэнхабзэр джыныжкIэ и факультетым кьыдигъэкI «Псальэ» журналыр ЩIДАА-м кьищтэу дяпэкIэ абы ейуэ кьыдагъэкIыну.

ЩIДАА-м и вице-президент **Хьэфыщ1э Мухьэмэд** кьыщыпсэльам кьыхихьэщащ бзэ щIэныгъэхэм я доктор, академик Бэчыжь Лейлэ и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъур мазитI ипэкIэ Iэтауэ зэрагъэлъэпIар, абы махуэшхуэ дахэ зэрыращIэкIар, щыхъ тхылърэ тыгъэ лъапIэрэ куэду кьыдэрыхуащIар, хьуэхъу тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ иджыри къэс кьыдэрыIэрыхьэр. Абы Бэчыжь Лейлэ иритыжащ литературоведением зегъэужьыным хунщIа хьэпъхьэныгъэшхуэм папщIэ Урысей лъэпкъхэм я Артиадэм кьыхуигъэфэща Щыхъ тхылъыр.

ЩIДАА-м и щIэныгъэ кьудамэу Ставрополь крайм щыIэм и унафэщI, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Лий Адэлджэрий** кIэщIу тепсэлъыхьащ я центрым и Iуэхухэр зыIутым. Хэт щыхУ бжыгъэр зэрымащIэм кьыхэкIыу а кьудамэр КъШР-м щыIэ центрым хагъэхъэжьину щIэльэIуащ Лийр. Адэжь ар тепсэлъыхьащ езыр зи унафэщI жылагъуэ Iуэхущ1апIэм зэфIигъэкIахэм. Абы жиIащ 2005 - 2008 гъэхэм траха документальнэ фильмхэм («Одна родня», «Бесленей. Право на жизнь») зэрыхъэжьыхьар, абыхэм щыхуэ кьуэд кьыхэрыпэджэжар зэригуапэр, мыгувэу Къэзан кьалэм щекIуэкIыну «Мусульманское кино» дунейпсо кинофестиваль-зэпеуэм хэтыныхэм «Бесленей. Право на жизнь» фильмыр зэрыхъэхуар, Нэгъапльэ Аскэр триха «Черкесия. Адыгэ хабзэ» фильмыр зэхьэзэхуэм хэмыту абы зэрыщагъэльэгъэунар, а фильмым щыщ пычыгъуэ жэпуэгъуэм и 9-м «Россия» телеканалымкIэ кьыхэратынур.

ЗэIущIэм кьрихьэлIахэм Iэгуаеуэшхуэ хуаIэтащ икIи гуапэу ехьуэхьуащ �щIДАА-м и вице-президент, академик Хьэфыщ1э Мухьэмэд литературэмрэ журналистикэмрэ хуищI хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ Санкт-Петербург щыIэ ЩIэныгъэхэмрэ гъуаздждэхэмкIэ Петровскэ Академием зэрыхагъэхьамкIэ. Абы щыхьэт техьуэ дипломыр Хьэфыщ1эм езытар Петровскэ Академием и щIэныгъэ кьудамэу Кавказ Ищхьэрэм щыIэм и унафэщI **Къалэ Хьэжбарэщ**. Фигу кьэдгъэкIыжинщи, а академиер 1724 гъэм щыщIэм и 28-м Санкт-Петербург кьыщыIэрагъэпэщауэ щытащ Петр Езанэм и унафэкIэ, 1992 гъэм мэфыкIыхьым и 19-м ЩIэныгъэхэмрэ гъуазджэхэмкIэ Петровскэ Академиер кьагъэщIэрэщIажауэ мэлажьэ.

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и зэхуэсыщхуэм хэтхэм фIэмыс гуапэ ярихьу кьэпсэльащ **Мосс Жаклин Дианэ**, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м и цыхубэ сурэтщI Кьщ Мухьэдин и менеджерыр икIи щхьэгъусэр.

- Сэ фIыуэ кьызгуроIуэ нобэ фызытепсэльыхь Iуэхуэри, махуэ кьэс фызыхуэлажьэ лъэпкъым папщIэ фиIэ гудзакъэр кьызыкIэрIри, - жиIащ абы. - Сыту жыпIэмэ, сэри сыкъыкъыхилъхьар, ЩIДАА-м щэнхабзэмкIэ, IуэззджэмкIэ, литературэмкIэ и кьудамэщIэ кьыIэгъэпэщыпхъэу КIыщ Мухьэдин кьыхигъэщам токуэдиз сыкьыщыхьащ АКЪУ-м адыгэбзэмрэ щэнхабзэр джыныжкIэ и факультетым кьыдигъэкI «Псальэ» журналыр ЩIДАА-м кьищтэу дяпэкIэ абы ейуэ кьыдагъэкIыну.

ЩIДАА-м и вице-президент **Хьэфыщ1э Мухьэмэд** кьыщыпсэльам кьыхихьэщащ бзэ щIэныгъэхэм я доктор, академик Бэчыжь Лейлэ и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъур мазитI ипэкIэ Iэтауэ зэрагъэлъэпIар, абы махуэшхуэ дахэ зэрыращIэкIар, щыхъ тхылърэ тыгъэ лъапIэрэ куэду кьыщрагъэщIар, хьуэхъу тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ иджыри къэс кьыщрагъэщIар, абы щыхьэт тхылъыр щIэныгъэлъым иритыжащ.

УРЫСЕЙ Федерацэм щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и тхьэмадэ **Ужьу- тэ Александр** кьеджащ КъШР-м и Президент Эбзеев Борисрэ Щыхуэ Зэхуэсым и Унафэщ1 Зэхъуэокъуэ Зурабрэ кьабгъэдэкIыу академикхэм я зэхьэхьэшхуэм кьыхуагъэхьа фIэхъусхэм икIи жиIащ ЩIДАА-м хэт щIэныгъэлIхэр кьаэзрыхуеблэгъар зэригуапэр. Апхуэдэу ар кIэщIу тепсэлъыхьащ езыр зи унафэщI жылагъуэ Iуэхущ1апIэм зэфIигъэкIахэм. Абы жиIащ 2005 - 2008 гъэхэм траха документальнэ фильмхэм («Одна родня», «Бесленей. Право на жизнь») зэрыхъэжьыхьар, абыхэм щыхуэ кьуэд кьыхэрыпэджэжар зэригуапэр, мыгувэу Къэзан кьалэм щекIуэкIыну «Мусульманское кино» дунейпсо кинофестиваль-зэпеуэм хэтыныхэм «Бесленей. Право на жизнь» фильмыр зэрыхъэхуар, Нэгъапльэ Аскэр триха «Черкесия. Адыгэ хабзэ» фильмыр зэхьэзэхуэм хэмыту абы зэрыщагъэльэгъэунар, а фильмым щыщ пычыгъуэ жэпуэгъуэм и 9-м «Россия» телеканалымкIэ кьыхэратынур.

ЗэIущIэм кьрихьэлIахэм Iэгуаеуэшхуэ хуаIэтащ икIи гуапэу ехьуэхьуащ ЩIДАА-м и вице-президент, академик Хьэфыщ1э Мухьэмэд литературэмрэ журналистикэмрэ хуищI хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ Санкт-Петербург щыIэ ЩIэныгъэхэмрэ гъуаздждэхэмкIэ Петровскэ Академием зэрыхагъэхьамкIэ. Абы щыхьэт техьуэ дипломыр Хьэфыщ1эм езытар Петровскэ Академием и щIэныгъэ кьудамэу Кавказ Ищхьэрэм щыIэм и унафэщI **Къалэ Хьэжбарэщ**. Фигу кьэдгъэкIыжинщи, а академиер 1724 гъэм щыщIэм и 28-м Санкт-Петербург кьыщыIэрагъэпэщауэ щытащ Петр Езанэм и унафэкIэ, 1992 гъэм мэфыкIыхьым и 19-м ЩIэныгъэхэмрэ гъуазджэхэмкIэ Петровскэ Академиер кьагъэщIэрэщIажауэ мэлажьэ.

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и зэхуэсыщхуэм хэтхэм фIэмыс гуапэ ярихьу кьэпсэльащ **Мосс Жаклин Дианэ**, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м и цыхубэ сурэтщI Кьщ Мухьэдин и менеджерыр икIи щхьэгъусэр.

- Сэ фIыуэ кьызгуроIуэ нобэ фызытепсэльыхь Iуэхуэри, махуэ кьэс фызыхуэлажьэ лъэпкъым папщIэ фиIэ гудзакъэр кьызыкIэрIри, - жиIащ абы. - Сыту жыпIэмэ, сэри сыкъыкъыхилъхьар, ЩIДАА-м щэнхабзэмкIэ, IуэззджэмкIэ, литературэмкIэ и кьудамэщIэ кьыIэгъэпэщыпхъэу КIыщ Мухьэдин кьыхигъэщам токуэдиз сыкьыщыхьащ АКЪУ-м адыгэбзэмрэ щэнхабзэр джыныжкIэ и факультетым кьыдигъэкI «Псальэ» журналыр ЩIДАА-м кьищтэу дяпэкIэ абы ейуэ кьыдагъэкIыну.

Инжьдж обсерваториемрэ и унафэщI, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием, ЩIДАА-м хэт **Балегэ Юрий** кьыIэхуэсахэм я пащхьэ щыжиIащ Адыгэ Академием и Къэрэшей-Шэрдэжэ щIэныгъэ кьудамэм и унафэщI академик Темыр Умар и цIэр «Танэ» вагъуэбыным хэт, 9-нэ инагъ зиIэ вагъуэм (апхуэдэ телескопкIэ фIэкIа плъагъуркъым) зэрыфIащар икIи абы и щыхьэт тхылъыр щIэныгъэлIым иритыжащ.

- 1992 гъэм, Адыгэ Академиер кьыщызэрагъэпэщам, Уставыр кьыIэращтэр зэхъуэкIыныгъэ иIакъым, - жиIащ Хьэфыщ1ым. - Ауэ щыхъукIи абы Iанэдэрэ куэдым зихьуэжащ. Абы кьыхэкIыу зэманым декIу зэхъуэкIыныгъэхэр ди Уставым хэлъхьапхъэщ. Аращ а Iуэхум елэжьын гуп кьыIэгъэпэщын щыхуейр.

АбыкIэ арэзы хъури, академикхэм Iэ яIэтащ икIи апхуэдэ щыкIэкIэ кьыIэрагъэпэщащ ЩIДАА-м хэтхэу **Мысрокьуэ Замиррэ** (юридическэ щIэныгъэхэм я доктор щ) **Ажахьуэ Кьанщобийрэ** (юридическэ щIэныгъэхэм я кандидатщ) зи пашэ комиссэр.

Адэжь академикхэр хэпльащ ЩIДАА-м щIэуэ хагъэхьэну кьагъэлъэгъуахэм я Iуэхухэм - абыхэм я щIэныгъэ, жылагъуэ лэжьыгъэхэм теухуа тхыгъэ кIэщIхэм щыгъуазэ защIащ икIи IэIэтыр зэрырагъэкIуэкI бюллетенхэр ятхащ. Абы кьрикIуахэр зэхуэсым и етIуанэ Iыхьэм щыжиIащ ЩIДАА-м и вице-президент Хьэфыщ1э Мухьэмэд. Хагъэхьэхэр щыху 27-рэ мэхъу, абы щыщу 17-р академикщ, 10-р - член-корреспондентщ. Абы кьыщынэмыщIауэ �щIДАА-м щыхъэзIэ и академик щIэ лъапIэр хуагъэфэщащ Амман (Иордание) щыщ профессор, философие щIэныгъэхэм я доктор, тхылъ 8 хьууэ хьэрыпыбзэкIэ кьыдэкIа «Адыгэ щIэнгъуаззр» зи Iэдакъэщ1экI **Бацэжь Мухьэмэд-Хьер**. Мыбдеж апхуэдэу кьыхэзгъэщIапхъэщ ЩIДАА-м щыхъэзIэ и академикыщ щытахэу адыгэ лъэпкъым Iуэху щхьэпэ куэд хуэзыгъэлажь меценат цIэрыIуэхэу **Ажахьуэ Кьанщобийрэ** (Налшык) **Уэхьутэ Александрэ** (Черкесск) ЩIДАА-м и академик дыдэ зэрыхъуам куэд зэрыщыгуфIыкIар.

ЕДЖ АГЪЭШХУЭХЭМ я зэхьэхьэшхуэм и етIуанэ Iыхьэр щIэныгъэ-практикэ конференц жыпхъэм иту екIуэкIащ. Ар теухуат Урысей Ипщэ щыналъэм щIэблэр егъэджэныр зэрыщыгъэтехуам кьыхэкIыу конференцым хэтын хуеяуэ кьрихьэлIэфакъым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министрхэу Шаповаловэ Иринэ (КъШР), Кусраев Анатолэ (Осетие Ипщэ), Бидарокьуэ Рэмэзан (Адыгэ Республикэ), Абхъаз Республикэм и кьэралъ университетым и ректор, �щIДАА-м и академик Гвармие Алекэ сымэ. Ауэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрствэм кьыбгъэдэкIыу а конференцым кьыщыпсэльащ педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор **Тэкъу Светланэ**.

- Нобэрей ди зэIущIэм мыхьэнэшхуэ иIэу, зи чэзу дыдэу кьэтIэта псальэмакъыу кьызольытэ, - жиIащ абы. - Иджыпсту дуней псор хуэкIуащ щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зэкIэрымыхуу зегъэужьыным. ГурыIуэгъуэщ фIыуэ емыджам щIэныгъэфIемрэ зэримыIэр, щIэныгъэ зыбгъэдэмыльым егъэджэныгъэ IэнатIэр зэрыримыгъэфIэкIуэфынур. Ди республикэм щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ щIэныгъэ зэрэзэхуэ кьегъэужьыну зегъэужьыным. ГурыIуэгъуэщ фIыуэ емыджам щIэныгъэфIемрэ зэримыIэр, щIэныгъэ зыбгъэдэмыльым егъэджэныгъэ IэнатIэр зэрыримыгъэфIэкIуэфынур. Ди республикэм щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ щIэныгъэ щIэныгъэмкIэ и министрствэм.

Конференцым кьыщыпсэльащ ЩIДАА-м хэт, Кавказ Ищхьэрэ КъТУ-м принкладной нанотехнологиехэмкIэ и щIэныгъэ-кьэхутэкIуэ институтым и унафэщI **Бэрыжь Мухьэмэд**. Ар тепсэльыхьащ нанотехнологиер кьыщагъэсэбэп IэнатIэхэм, кьызэрагъэсэбэп щыкIэхэм, а Iэмалыщ1эр адрейхэм кьазэрыщхьэщыкIэхэмрэ и фIагъэмрэ.

Астрофизикэр зищысым, абы елэжьныныр зегъэужьыныжьмкIэ, ар егъэджныжьмкIэ зыуэ гугъуехьхэм теухуауэ щытащ ЩIДАА-м и академик, Инжьдж обсерваториемрэ и унафэщI **Балегэ Юрий** конференцым щыжиIар.

- 2009 гъэр вагъуэхэр зыдж щIэныгъэм и илъэсу дуней псом кьыщызэдащтащ, - жиIащ абы. - Астрофизикэм и лъабжьэхэр зыгъэIыплъар Галилей Галилеощ, Аращ телескопыр уэгумкIэ зыгъаззу абы щызекIуэ пкъыгъуэхэр, вагъуэхэр, фIыщIагъэхэр джын щIэзыдзар. Коперник и теорием адэкIэ зезыгъэубгъуар. Галилео и зэманым ипэжкIи щыIащ жыжьэ узыгъапльэ нэрыплъэхэр, ауэ абыкIэ уафэр бджы хьуну зыми игу кьэжIакъым. Иджыпей астрофизикхэр зыгъэпIейтейуэ жэуап кьызыхуалъыхьуэ кьэхъукьащIэхэм ящыщщ уафэм щалъагъу фыщIагъэхэр кьызыхэкIыр. А фIыщIагъэм щыщу процент 73-р Дыгъэ системэр зыхэт хьэрщIым (Вселеннэм) еубыд, ар галактикэ куэду зэхэтщ, зы галактикэм вагъуэ мин 500-м щIигъу хохьэ. Фщ1эну фыхуеймэ, ди Вселеннэм илъэс мелард 14,7-рэ и «ныбжьщ»...

Апхуэдэу гъэщIэгъуэну Балегэ иришэжьа псальэмакъыр конференцым хэтхэр дихьэхащ, упщIэ куэдри кьыхэкIащ. Абыхэм жэуап щритым, астрономым жиIащ физикэр курыт школхэм щегъэджэныным хуэфащэ гульытэ зэримыгъуэтыжьым, ар псоми ящIэн хуейуэ кьызэрамылытэжьым, зыджхэми Iэпэдэгъэлэл куэдрэ зэращIым кьыхэкIа мыхьэмыщIагъэхэр ди гъащIэм кьрихьэлIэ зэрыщыхьуар.

- Саяно-Шушенскэ ГЭС-м иджыбгъэ кьыщыхуа техноголнэ гуэзвэгъуэшхуэри, нэхъапэкIэ кьхъуауэ щыта гуэрхэри зи гугъу тщIы IуэхуращI кьызыхэкIар, - жиIащ Балегэ Юрий. - Ауэ щыху кьызэрыгуэкIхэми кьэралъкьулъыщIэхэми кьэралъгуроIуэ икIи хуэм-хуэмурэ апхуэдэ щIэныгъэншагъэм и щыхупIэм дыкьыщыхьэщыкIынщ, армыхъумэ физикэр зэрамыщIэм пыщIа шынагъуэм хэмыкI кьыхуэныр зыхуэIуа щыIэкъым.

ЩIДАА-м и зэхуэсым, щIэныгъэ конференцым зэхэтащ Iуэхуэ иIэ фIэхьэлIэмэту едэIуащ Наганэ кьалэм (Япония) щыщ щIэныгъэлI, антрополог, социологие щIэныгъэхэм я доктор, адыгэбзэмрэ щэнхабзэмрэ илъэс 15 хьуауэ зыдж **Миядзавэ Эйджи** жиIахэм.

- Сэ сыяпонщ, урысыбзэ сщIэркъым, ауэ адыгэбзэкIэ тIэкIу сыныбзэпсэльфынущ, - жиIэри, кьыззэхуэсахэм адыгэбзэкIэ фIэхьус ярихьу закьригъэцIыхуа нэужь, Эйжи инджылызыбзэкIэ кьыпищащ. - Илъэс 15 и пэкIэ, 1994 гъэм, кандидат iэжьыгъэр пхыгъэкIа кьудейуэ, сэ Кьайсэр сыкIуащ тыркубзэр зэзгъэщIэн мурадкIэ. Сызыщыщыр кьыщащIэм, езыхэми лъэIукIэ зыкъыкIсхуагъэзащ японыбзэр Кьайсэр дэт университетым щезгъэджыну. Сызыдэлэжьэнухэм нэхъ нэIуасэ захуэсщIын, щыпIэр зззгъэщIыхун мурадкIэ я кьалэм кьедзыIа кьуажэхэр кьызззэхсэкIухьурэ сэ зэхэсхащ тыркубзэм зыкIи емыщхь бзэ гуэр, хуабжьу сфIэхьэлэмэт хъуащ, а бзэм ирипсалъэ лъэпкъым щыщхэм нэIуасэ сащIэсыхуэхъум, сыдахьэхащ. Ахэр икъукIэ цIыху гуапэхэщ, зэи сыкьыщIэтъуауэ, гъунэгъуэу сыкьамыцIыхуауэ сэ абыхэм кьызаха хьэщIагъэм хуэдэ нэгъэущI зы лъэпкъми дэслъэгъуатэкъым. Си гум щIыхьащ адыгэхэр а щIыпIэм кьыззрыщIыхутам и хьыбарыр, абыхэм я щхьэ кьрикIуа гуэзэгъуэ кьрмыр. Хэхэс адыгэхэм я бзэр, хабзэр, щэнхабзэр зэрахъумэм, я псэукIэм теухуау доктор диссертацэ стхынри араш кьызыхэкIар.

Тыркум щыпсэу адыгэхэм илъэс 15-кIэ сахэса нэужьщ сэ Кавказым сыкьыщыкIуэфар, абыхэм апхуэдизрэ зи гугъу яща «Адэжь лъахэ» щызззэгъэльагъуфар. Сэ икъукIэ сфIэкIыхьщ а пIалъэр, си гугъэт Кавказыр жыжьэ дыдэ у, игъащIэкIи си лъэр нэзмыхусыфыну, атIэ фи нэгу кьыщIэвгъэхьэт - ахэр абы илъэси 150-рэ хъуауэ поплъэ! ФIыщIэ яхузощI адыгэхэм, дунейр нэгъуэщIынэкIэ зэрызагъэлъэгъуам щыхьэ, си гъащIэм зэхъуэкIыныгъэшхуэ кьызэрыкальхьам, лъэпкъ щыкIуэгъэфар, абыхэм апхуэдизрэ зи гугъу яща «Адэжь лъахэ» щызззэгъэльагъуфар. Сэ икъукIэ сфIэкIыхьщ а пIалъэр, си гугъэт Кавказыр жыжьэ дыдэ у, игъащIэкIи си лъэр нэзмыхусыфыну, атIэ фи нэгу кьыщIэвгъэхьэт - ахэр абы илъэси 150-рэ хъуауэ поплъэ! ФIыщIэ яхузощI адыгэхэм, дунейр нэгъуэщIынэкIэ зэрызагъэлъэгъуам щыхьэ, си гъащIэм зэхъуэкIыныгъэшхуэ кьызэрыкальхьам, лъэпкъ щыкIуэгъэфар, абыхэм апхуэдизрэ я гъэнхабзэр кьуэдкIэ зэрызэтехуэр, абы и лъабжьэхэм кьэхутэныгъэ нэужь, зэхъуэкIыныгъэ кьызэрильытэр.

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и щIэныгъэ-практикэ конференцым хэтхэм я щэнхабзэр куэдкIэ зэрызэтехуэр, абы и лъабжьэхэм кьэхутэныгъэ нэужь, зэхъуэкIыныгъэ кьызэрильытэр.

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и зи чэзу зэхъуэкIыныгъэ етIанэгъэ Мейкьуапэ щекIуэкIа кьэхутэныгъэ нэужь, зэхъуэкIыныгъэ хэтахэм ерыскъы Iэнэ дахэ кьыхуаIэтащ, джэгушхуэ иращIэкIащ. Пшынауэ **Чыржын Светланэ** и макъамэхэм кьыдэфащ япон хьэщIэри Инджылыбзэм щыщ адыгэ нысэ Мосс Жаклин Дианиг, адрей хьэщIэхэри.

НЫБЭЖЬ Таисэ
Налшык - Черкесск - Хьэбэз.

Академикхэу КIыщ Мухьэдин, Хьэфыщ1э Мухьэмэд, Думэн Хьэсэн.

ЩIДАА-м и Краснодар центрым и унафэщI академик Щоджэн Iэсхьэдрэ академик Бондаревэ Татьянэрэ.

Академик Сербинэ Людмилэ
(Армавир къалэ).

КIыщ Мухьэдинрэ Мосс Жаклинрэ къофэ.


Чыржын Светланэрэ абы и пхъунтIымрэ джэгур ягъэдэхащ.


Президиумым иохэщ академикхэу Лий Адэлджэрий, Нэхущ Iэдэм, Бэчыжь Лейлэ, Сэкий (КIарэ) Риммэ, Тхьэзэпль Хьэсэн, абыхэм я щIыбагъымкIэ кьыдэсщ Сэбаншы Назми, Бэжэнэ Мурат, Мамий Руслан, Уэхьутэ Александр сымэ.


ЗэIущIэшхуэм и лэжьыгъэр еух. Унафэ хэр кьащтэ.

●ДифI догъуэлъапIэ

ВЫНДЫЖЬ Николай: ЦIыхур зыIэтыр и гуащIэрщ

Республикэм и щIэныгъэлI пашэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием и егъэджакIуэ, абы и профессор, техникэ щIэныгъэхэм я доктор Вындыжь Николай. Зи къэхутэныгъэ купщIафIэхэр ди щIыпIэми нэгъуэщI щIыналъэхэми я мэкъумэш IэнатIэхэм шэщIауэ къыщагъэсэбэп щIэныгъэлIыр еш имыщIэу йолэжь а унэтIыныгъэм лъахэм зыщиужьыжыным, щIалэгъуалэр абы дегъэхьэхыным.

Вындыжьыр 1939 гъэм и фокIадэ мазэм Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Сэрмакъ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школыр къиуха нэужь, абы щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ Самарэ дэт мэкъумэш институтым. ЩIалэщIэр къэхутэныгъэщIэхэм дихьэхырти, и зэфIэкIхэм щыхигъэхъуащ Краснодар дэт щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым и аспирантурэм. 1973 гъэм абы ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ и кандидат диссертацэр. Апхуэдэу щIэупщIэшхуэ иIащ, ноби мэкъумэш хозяйствэм къыщагъэсэбэп 1999 гъэм Вындыжьым утыку кърихьа и доктор диссертацэр зытещIыхьа Iуэхугъуэхэр. ЩIэблэм я ущиякIуэ нэхъыжьыфIыр илъэс 35-м нэсауэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм пэрытщ, зыдэлажьэхэм, иригъаджэ студентхэм пщIэрэ щIыхьрэ къыхуащIу. Абы и гъэсэнхэм къахэкIащ щIэныгъэхэм я кандидатхэр, докторхэр. Куэдым пащэ я егъэджакIуэм и Iуэхум.

Мы махуэхэм Вындыжьым и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу. Къыщалъхуа махуэм и пэ иту Николай къедгъэблэгъащ «Адыгэ псалъэм» и хьэщIэщым икIи упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.



- Николай, уэ уащыщщ зи сабиигъуэр зауэ илъэс лыгъейхэм, абы и ужь зэман гугъум хиубыда щIэблэм. А лъэхъэнэм щыщу сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэр уигу къинэжа?

- Къэралым щыпсэу унагъуэ мелуанхэми хуэдэу, ди унагъуэми хэщIыныгъэ хьэлъэ къритауэ щытащ Хэку зауэшхуэм. Си адэ Лолэрэ си анэ ХуаркIэрэ я унагъуэр яухуэн щIадза къудейуэ, щхьэгъусэ зэрызэхуэхъурэ зы илъэси мыхъуауэ, си адэр дзэм ираджащ Хэкум къулыкъу хуищIэну. Ар дзэ къулыкъум пэрыту сэ дунейм сыкъытехьащ. Си анэм жиIэжу зэрыщытамкIэ, ар хуабжьу щыгуфIыкIат къуэ къызэрыхуалъхуам. Узыншэу сыкъызэрыхъум, сызэрыхэхъуэм и хъыбархэр зэрыт тхыгъэхэм щIыгъуу абы хурагъэхьырт сабииIэ къэтхыхьам и сурэт. Аращ сэ сщыщу си адэм илъэгъуар - сэ езыр слъагъуххакъым... Дзэ къулыкъур и кIэм нэщигъэсым, 1941 гъэм и мэкъуауэгъуэм, Хэку зауэшхуэр къэхьеящ. Къулыкъум ирашри ар зауэ IэнатIэм Iухьащ. 1943 гъэм ди унагъуэм къыIэрыхьауэ щытащ си адэ Вындыжь Лолэ хъыбарыншэу зэрыкIуэдар зэрыт тхылъ. «Си адэр зэи слъэгъуакъым. Си адэр сцIыхуу щытакъым. Ар гущIэгъуншэу сэ зауэм сIихащ...» сатырхэр зыхэт уэрэдыр сэр папщIэ яусами ярейщ. Си адэм хуэдэу, я щIалэгъуэхэ у, дунейм гу щамыхуауэ цIыху дапщэ ихьа а зауэ мыгъуэжьым? Сабий дапщэм я адэ ящхьэщича?..

Щхьэгъусэншэу къэна си анэри и сабий бгъэдэсыжу, ар зыхуей хуигъазэу псэуну хуащIыхьэгъуэ иIакъым. Илъэс 16 зэрыхъу лъандэрэ колхоз зэгухьэныгъэм хыхьа а бзылъхугъэ гуащIафIэм лъэкI къимыгъанэу, и гуащIэ къуэд хилъхьэу къуажэ хозяйствэм щылэжьащ. Зэман кIыхькIэ ар щытащ нартыхугъэкI гупым я пашэу. Ар лэжьыгъэм къызэрыдэмыхуэм къыхэкIыу, сэ си пщэ къыдэхуащ унагъуэ Iуэхухэм ящыщ гу эрхэри. Унэр хуабэу си анэр кърезгъэхьэлIэжын папщIэ, сэ, схуэдэ щIалэ цIыкIухэм сащIыгъуу, гъэсыныпхъэ хъуну пхъэ гъурхэр губгъуэхэм къыщытщыпырти, щIыбык укIэ къэтхьырт. Апхуэдэу ди жэм закъуэми удзкIэ сыхуэсакъырт. Гугъу сехьми, си анэр къэкIуэжрэ, и Iэ пхъашэр си щхьэфэм къыдилъэурэ псалъэ гуапэхэр къызжиIамэ, псори сщхьэщыкIыжырт. Апхуэдэут зэрыпсэур ихъуреягъкIэ. Дэ тхуэ дэхэр щэрэ минрэт.

- Уи сабиигъуэр мытыншами, еджэным, щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным уи гур хуэкъабзэу укъэтэджащ, Николай...

- Школым сыкIуа нэужь, сэ хуабжьу сыдахьэхащ щIэныгъэ зэхуэмыдэхэм. Псалъэм папщIэ, зыпэсщI щыIэтэкъым есэпымрэ физикэмрэ я дерсхэр, сфIэфIт дыкъэзыухъуреихь дунейм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр зэпкърызых нэгъуэщI предметхэр.

Сигу къинэжащ есэпымкIэ дезыгъэджа Овсянниковэ Валентинэ и дерс хьэлэмэтхэр. Апхуэдэу еджэным дытригъэгушх уэу, ди ехъулIэныгъэхэм сыт щыгъуи щыгуфIыкIыу, Iуэхугъуэщlэхэр къыддиIыгът а зэманым ди школ унафэщIу лэжьа, иужькIэ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор хъуауэ щыта Къущхьэ Iэбу. Ди гурылъхэмкIэ, мурадхэмкIэ дызыдэгуашэ Iэбу ищIэрт школ нэужьым мэкъумэш лэжьыгъэхэм нэхъ кууу сыхуеджэну сызэрыщIэхъуэпсыр. 1956 гъэм, 10-нэ классыр къэзуха нэужь, Къущхьэм си аттестатыр ихьауэ щытащ республикэм ЩIэныгъэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкI «аттестатхэм я зэпеуэм». Си аттестатыр щытекIуауэ щытащ «инженер-механик» IэщIагъэм хуеджэну хуейхэм я зэхьэзэхуэм икIи а гъэ дыдэм, зэрыщIэтIысхьэ экзаменхэр сымыту, сэ сыхъуауэ щыт ащ Самарэ (абы щыгъуэ Куйбышев) къалэм дэт мэкъумэш институтым и студент.

Си анэм фIэфIтэкъым и щIалэ закъуэр хамэ щIыпIэ апхуэдиз зэманкIэ игъэкIуэну. Ар тригъэгушхуауэ щытащ Къущхьэ Iэбу. СощIэж: Iэбу ди деж накIуэри, си анэм кIыхьу епсэлъат Самарэ сызэрыщеджэну щIыкIэмрэ абы щызэзгъэгъуэтыну IэщIагъэмрэ ятеухуауэ. «Абы умыгъакIуэу упэрыуэмэ, бжьыхьэм дзэм къулыкъу щищIэну дашынущ, кIуэрэ - дзэ къулыкъури зэфIэкIарэ офицер хъуауэ (институтым военнэ кафедрэ иIэт), нэхъыщхьэращи, IэщIагъэлI къищIыкIауэ къигъэзэжынущ», - жриIэрт си анэм Iэб у. Апху эдэ щIыкIэкIэ, си анэр арэзы хъури, сэ еджапIэ сыкIуауэ щытащ.

Студент гъащIэр хьэлэмэту икIи купщIафIэу етхьэкIащ. Жыджэру дыхэтащ еджапIэм щекIуэкI гъащIэм и лъэныкъуэ псоми. 1961 гъэм сэ ехъулIэныгъэкIэ къэзухащ мэкъумэш лэжьыгъэхэр механизацэ щIынымкIэ факультетыр икIи сыкъыщалъхуа щIыналъэм къэзгъэзэжащ, си гуащIэрэ щIэныгъэрэ абы и зыужьыныгъэм есхьэлIэну сыхуейуэ. Сызыхуеджа инженер-механик IэщIагъэм хуабжьу сыдихьэхати, абы щыгъуэм мурад сщIат зэгуэр а унэтIыныгъэмкIэ къэхутэныгъэхэр езгъэкIуэкIыну. А си хъуэпсапIэр жесIауэ щытащ а зэманым КъБКъУ-м и мэкъумэш факультетым и доценту щыта ЩауэцIыкIу Залымджэрий. Ауэ япэ щIыкIэ гугъу къыздехьу сезыгъэджа си анэм щIэгъэкъуэн сыху эхъун хуейт, сылажьэурэ.

- Уэ пхуэдэ IэщIагъэлIхэм хуэныкъуэу щытащ а лъэхъэнэм цIыхубэ хозяйствэр. Дауэ къыпIущIэжа ущалъхуа щIыналъэр?

- Еджэныр къызэрыз ухыу, пIалъэ кIэщIкIэ ди куейм и «Мэкъумэштехникэ» зэгухьэныгъэм инженер нэхъыщхьэу сагъэуващ. ИужькIэ Шэджэм куейм и апхуэдэ IуэхущIапIэми а къулыкъу дыдэр илъэсищым щIигъукIэ щызгъэзэщIащ. Лэжьыгъэр хьэлэмэтт, сыхущIэкъурт зэзгъэгъуэта щIэныгъэр гъащIэм хэспщэну. ЖыпIэнурамэ, ехъулIэныгъэхэри къыдэкIуэрт апхуэдэ гуащIэм: гъавэр щыIуахыжкIэ комбайным хьэдзэхэр зэхимыкъутэу, абыхэм дыркъуэ ятемылъу псоуэ къызэрыщIэкIыным и Iэмалхэр субзыхурт. А зэманым гукъыдэжышхуэ сиIащ а Iуэхум, нэгъуэщIхэми ехьэлIа къэхутэныгъэхэр езгъэкIуэкIыну, ахэр и лъабжьэу щIэныгъэ лэжьыгъэ стхыну. АрщхьэкIэ сэ аргуэру си IэнатIэр схъуэжын хуей хъуащ. Дзэлыкъуэ куейм щIэуэ къыщызэрагъэпэщащ колхозхэмрэ совхозхэмрэ техникэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ станц. 1964 гъэм сэ абы и унафэщIу сагъэкIуауэ щытащ.

Iуэхур хъунумэ, аракъэ. А гъэ дыдэм ЩауэцIыкIу Залымджэрий и жэрдэмкIэ, егъэджакIуэу срагъэблэгъауэ щытащ КъБКъУ-м и мэкъ умэш факультетым. Япэ щIыкIэ егъэджакIуэ нэхъыжьу сыщылэжьащ абы щыгъуэ къызэIуахагъащIэ, мэкъумэш хозяйствэр механизацэ щIынымкIэ факультетым и кафедрэм. 3-4-нэ курсхэм щIэс студентхэр хуезгъэджащ мэкъумэш машинэхэм я теорием, технологие расчетхэм. Ноби а IэнатIэм мэкъумэш академием сыщыпэрытщ.

Бэрбэч ХьэтIутIэ, Къущхьэ Iэбу, Щау эцIыкIу Залымджэрий сымэ а лъэхъэнэм щIэгъэкъуэн къызэрысхуэхъуар, сыт хуэдэ IуэхукIи чэнджэщэгъуу икIи гъуэгугъэлъагъуэу сызэриIар сэ зэи сщыгъупщэркъым. Псапэу Тхьэм къаритыж.

- Аспирантурэм, докторантурэм ущыщIэса илъэсхэм ебгъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр, ахэр уи тегъэщIапIэу уи къалэмыпэм къыпыкIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэр, сызэрыщыгъуазэмкIэ, республикэм и мэкъумэш хозяйствэм зезыгъэужь, ехъулIэныгъэфIхэр къызыдэкIуэ Iуэхугъуэхэу щIэныгъэлI куэдым къалъытэ. Абыхэм укъытхутепсэлъыхьамэ, ди гуапэт.

- Университетым сыщыIэху си щIэныгъэм адэкIэ зэрыхэзгъэхъуэным иужь сихьащ. 1969 гъэм сыщIэтIысхьащ Краснодар къалэм дэт, дагъэ зыщIаху къэкIыгъэхэмкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и аспирантурэм. Абы сыщелэжьащ зи гугъу сщIа къэкIыгъэхэм ящыщу сэхураныр, лабэджэшыр (клещевинэ), щIыдэр (арахис) хуэдэхэр къыщрахьэлIэжкIэ, щагъэIэпхъуэкIэ я жылэхэм дерт ямыгъуэтын папщIэ, ахэр зэрыIуахыж техникэм хэлъхьэн хуей зэхъуэкIыныгъэхэм. А Iэмалхэр къыщызгъэлъэгъуащ си кандидат диссертацэм.

Абы илъэс куэдкIэ селэжьащ. ИужькIэ, 1999 гъэм и мазаем, Ростов областым хыхьэ Зерноград къалэм дэт, мэкъумэш хозяйствэр механизацэ, электрификацэ щIынымкIэ урысейпсо щIэныгъэкъэхутакIуэ, проектно-технологие институтым си доктор лэжьыгъэр щыпхызгъэкIащ.

Си къэхутэныгъэхэр къагъэсэбэпащ «ККС-4», «СК-5», «Нива» комбайнхэр щызэпкъралъхьэм, къыщыдагъэкIым. Апхуэдэу ахэр я лъабжьэу зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ транспортерхэм, гъавэр зэрагъэкъабзэ, зэрагъэгъущ нэгъуэщI техникэхэми. Иджы абыхэмкIэ нартыхумрэ дагъэ къызыщIаху къэкIыгъэхэмрэ щыIуахыжкIэ, щагъэIэпхъуэкIэ, нэгъуэщI лэжьыгъэ щращIылIэкIэ, хьэдзэхэр мыкъутэу, дыркъуэ ятемылъу къызэтонэ. Псом хуэмыдэу абы мыхьэнэшхуэ иIэщ жылапхъэр къыщыхахкIэ: гъавэщIэкIэ узыщыгугъ хьэдзэхэр псоуэ, дертыншэу щытын хуейщ.

- Апхуэдиз лэжьыгъэ купщIафIэу зэфIэпхын папщIэ, къыпкъуэт унагъуэ быдэ уиIэн хуейщ. Шэч хэлъкъым, уэ апхуэдэ фIыгъуэ узэриIэм...

- Сыт щыгъуи щIэгъэкъуэнышхуэу, чэнджэщэгъуфIу сиIащ си анэр. Алыхьым ахърэт нэху кърит. Ар лэжьакIуэшхуэу, партым хэту, цIыху жыджэру псэуащ. КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм депутату мызэ-мытIэу хахауэ щытащ. Сталиным и Iэ зыщIэлъ щытхъу тхылъ къыхуагъэфэщауэ щытащ и лэжьыгъэфIым папщIэ. Сэращ, и бын закъуэрщ, ар щIэпсэуар. ХущIэмыхьэу лажьэми, зэи гулъытэншэ сищIакъым. Балигъ сыхъуа нэужь, сэ сыт щыгъуи сыхущIэкъуащ ар зэрызгъэтыншыным, и Iуэху тэмэм зэрысщIыным. Ар сыт щыгъуи къыздиIыгъащ ди унэм щIэсым. Ар Вэрокъуэхэ япхъущ, и цIэр Маринэщ. МедицинэмкIэ, биологиемкIэ щIэныгъэ иIэщ. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм статистикэмкIэ и къудамэм и унафэщIу илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ, иджыпстуи а министерствэм и информацэ-аналитикэ центрым и унафэщIым и къуэдзэщ.

Ди щIалэ Замир щIэныгъэ нэхъыщхьэ, IэщIагъэ зригъэгъуэтауэ, аспирантурэри къиухыжауэ, КъБКъУ-м щолажьэ.

Адыгэ псалъэжьым «тIур закъуэ пэлъытэщ,..» жыхуиIам ещхь хъуащ ди Iуэхур. Ди бын нэхъыщIэ Мадинэ балигъ хъуауэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ, IэщIагъэ зригъэгъуэтауэ, зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ... И ахърэтыр дахэ ухъу... Адэанэм, къыдалъхуам и дежкIэ ар гум имыху гуауэщ.

Зэщхьэгъусэхэм ди гъащIэр тхуагъэдахэ ди щIалэмрэ нысэ цIыкIумрэ, абыхэм къыт хуагъуэта къуэрылъхум. Адэшхуэ-анэшхуэм ди дежкIэ Ислъам цIыкIу хъугъуэфIыгъуэшхуэщ.

- Илъэс 70 гъуэгуанэр щIыхьрэ пщIэрэ уиIэу зэпыпчащ. УзэреплъымкIэ, гъащIэм сыт щынэхъыщхьэр?

- Япэрауэ, укъызыхэкIа лъэпкъым ухуэфащэу, абы и хабзэхэр зепхьэу, нэхъыжьыфIхэр умыгъэукIытэу дуней утетын хуейщ. Зэи лэжьыгъэм щышынэн, абы зыпыIудзын хуейкъым. И гуащIэ хьэлэлырщ, пэжагъырщ цIыхум и пщIэр, и нэмысыр зыIэтыр. Апхуэдэу мыхьэнэшхуэ иIэщ нэхъыбэ дыдэу сэбэп ущыхъуфын щIыпIэ, IэнатIэ гъащIэм щыбгъуэтыным, зэгурыIуэр, зэхэщIыкIыр зи лъабжьэ унагъ уэ лъэщ б ухуэным. ИтIанэщ уи лэжьыгъэр купщIафIэу щыщытынур, гъащIэм узыщрихьэлIэ гугъуехьхэр, гуауэхэр Iэтыгъуафlэ щыхъунур.

- Упсэ у, Николай. Уи мурадхэр Тхьэм къ уигъэхъ улIэ.

Епсэлъар **КЪАРДЭН Маритэщ.**

●Гу зылъытапхъэ

Хьид концертым фрагъэблагъэ

Урысейпсо Артиадэм и къудамэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэм (унафэщIыр Бейтыгъуэн Iэуесщ) и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщауэ Налшык дэт Къэрал кинокoнцертгъэлъэгъуапIэм щекIуэкIынущ нэщI мазэ лъапIэм и щIыхькIэ концертышхуэ.

Я уэрэд дахэхэмкIэ къыфхуэупсэнущ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Сокъур Ольгэ, Зеущэ Iэуес, Даур Иринэ, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Хьэрэдурэ Динэ, Хьэтыхъу Эдуард сымэ, зыкъагъэлъэгъуэнущ артистхэу КIэмыргуей Валентин, Дым Елдар, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым и солистхэм, къафэмкIэ «Экстрим» театрым хэтхэм, я зэфIэкI фагъэлъагъунущ уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэми.

Хьид концертыр екIуэкIынущ фокIадэм и 21-м, нэщIикIыж махуэм, сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м щIидзэу.

ФыщIэупщIэ хъунущ мы телефонымкIэ: **44-22-10**

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Илъэс 86-рэ ирокъу

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм видеоконференц щытыкIэм иту фокIадэм и 2-м щекIуэкIащ УФ-м и МВД-м и плъыр-пост къулыкъур къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 86-рэ зэрырикъум теухуа махуэшхуэ зэIущIэ.

КЪЭРАЛ КIУЭЦI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, хабзэхъумэ IэнатIэм и ППСМ-м лэжьэн щыщIэзыдзауэ щыта Томчак Юрий милицэм и плъыр-пост къулыкъум и лэжьакIуэхэм я махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ, законностымрэ жылагъуэ хабзэмрэ республикэм къыщызэгъэпэщынымкIэ къапэщыт къалэнхэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьэну зэригуапэр яжриIащ. МахуэшхуэмкIэ зэрызахуигъазэр зэрыт дэфтэрыр ППСМ-м и унафэщI, милицэм и полковник ДыщэкI Назир иритащ.

- Зэманым зихъуэжми, ППСМ-м и милиционерыр сыт щыгъуи хуэдэу цIыхум нэхъ пэгъунэгъуу, щIэпхъаджагъэм ебэнынымкIэ япэ иту къонэж, - къыхигъэщащ министрым. - Зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда, уIэгъэ хъуа фи ныбжьэгъухэр зыщывмыгъэгъупщэ, абыхэм я унагъуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи защIэвгъакъуэ.

Урысей милицэм и унафэщI, армэм и генерал Нургалиев Рашид къыщыпсалъэм, къэралым жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и милицэм и лэжьыгъэр зэманым екIуу щытыным, техникэкIэ къызэгъэпэщыным, ППСМ-м къепха IэнатIэхэм зегъэужьыным гулъытэ хэха хуэщIын зэрыхуейр къыхигъэщащ. «Лэжьыгъэм махуэ къэс нарядхэр зэраубзыху щIыкIэм щIэ куэд къыхохьэ, къэхъуам теухуауэ къаIэрыхьэ хъыбархэм зэрабгъэдыхьэми зехъуэж, арщхьэкIэ а псоми кърикIуэнур дызыхуейм щынэсынур IэщIагъэм нэсу хуэдгъэхьэзырмэщ икIи абы и лъэныкъуэкIэ Iуэхугъуэр зэфIыдогъэкI», - жиIащ министрым.

А махуэ дыдэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и унафэкIэ ППСМ-м и милиционер зыбжанэ ягъэпэжащ.

ЛЫГЪУР Ахьмэд.

●Атлетикэ хьэлъэ

Зи псы къэжэгъуэ Мэжджыхь Эдуард

Адыгэр дызэрыгушхуэн спортсмен куэд диIэщ. Дуней псом къыщацIыху Олимп чемпионхэу Къардэн Муратрэ Хъущт Аслъэнбэчрэ, Махуэ Билал къыхэзыгъэщIэфа бэнакIуэ иджыпсту ЩIы хъурейм теткъым... Дэтхэнэм и цIэр къипIуэн?! А щIалэ ахъырзэманхэм я лъэужь дахэм зэритым шэч хэлъкъым Зеикъуэ щыщ штангист Iэзэ Мэжджыхь Эдуард. 2009 гъэр абы хуэугъурлыщ икIи мы илъэсыр къызэрихьэрэ къэралым и Кубокыр балигъхэм я зэхьэзэхуэм къыщихьащ, къыкIэлъыкIуэу илъэс тIощI мыхъуахэм я зэпеуэм дунейпсо, европэпсо чемпион щыхъуащ. «Адыгэ псалъэр» псом япэу Мэжджыхьым и ехъулIэныгъэхэм тетхыхьащ, ауэ зэкуэ хьэсауэ абыхэм къытедгъэзэжмэ, ди гуапэщ икIи куэдым яфIэхьэлэмэтыну къытщохъу. Аращи, фигу къэдгъэкIыжынщ мы гъэм Эдуард зыIэригъэхьа текIуэныгъэхэр.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ абы и гукIэгъэсэн Мэжджыхь Эдуардрэ.

Владикавказ - Урысейм и Кубокыр

Ди гъунэгъу Осетие Ищхъэрэ - Аланием Мэжджыхь Эдуард япэ дыдэу балигъхэм я зэхьэзэхуэм щыхэтащ. Гъатхэпэ мазэм атлетикэ хьэлъэмкIэ Урысей Федерацэм и Кубокыр зыIэрыгъэхьэным теухуауэ Владикавказ щекIуэкIа зэпеуэм абы лейуэ зыхуигъэхьэзыракъым: илъэсипщI хъуауэ и тренер ХьэфIыцIэ Мухьэмэд хуейт ныбжькIэ япэ къит лIы хьэзырхэм и гъэсэныр зэрахэзагъэм кIэлъыплъыну. АрщхьэкIэ Мэжджыхьыр балигъхэм яхэплъа къудейкъым, атIэ зыри щымыгугъауэ, гугъу емыхьыщэу ахэр иригъэкIуэтэкIащ.

Килограмми 105-рэ зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм абы тIэу бгъэдыхьэгъуэм килограмм 400 къыщиIэтащ. Ар килограммибгъукIэ ефIэкIащ и ужь къитам.

Апхуэдэ ехъулIэныгъэр куэдым телъыджэ къащыхъуащ, псом хуэмыдэу IэщIагъэлIхэм. Ар зэрымыщIэкIэ къэхъуауэ къызыщыхъуахэм мазитI-щы нэхъ дэмыкIыу тобэ къахьыжын хуей хъуащ: къыкIэлъыкIуэу Урысей Федерацэм и ныбжьыщIэ командэ къыхэхам хэту Мэжджыхьым ехъулIэныгъэ инхэр зыIэригъэхьащ.

Румынием - Дуней псом и дыщэр

Мэкъуауэгъуэ мазэм Румынием щекIуэкIа, илъэс 20 мыхъуахэм атлетикэ хьэлъэмкIэ я дунейпсо чемпионатым куэдкIэ пэплъэрт икIи ерыщу зыхуигъэхьэзырат Зеикъуэ пелуаным. Дауи, ар пщIэншэ хъуакъым.

Аргуэру ар зыхэтар килограмми 105-рэ зи хьэлъагъхэм я зэпеуэрщ. Абы щытекIуэхэращ атлетикэ хьэлъэм и «пащтыхьхэр».

Ди лъахэгъу щIалэм къыпэхъун Румынием щыIакъым. Ар рывокымкIи толчокымкIи и хьэрхуэрэгъу псоми ефIэкIащ икIи зыми шэч къытримыгъэхьэу пашэныгъэр иубыдащ. ЖыпIэну ирикъунщ Мэжджыхьым и ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэ Украинэм къикIа Тагиров Сергей адыгэ щIалэм килограмм 21-кIэ къызэрыкIэрыхуар! Тренер цIэрыIуэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и гъэсэным псори зэхэту килограмм 395-рэ къиIэтащ (рывокым кг 175-рэ, толчокым кг 220-рэ), етIуанэ хъуа украин щIалэм хутечар килограмм 374-рэщ (173+201).

Мэжджыхь Эдуард къызыщынэмыщIа, Румынием щекIуэкIа дунейпсо зэпеуэм Урысей Федерацэм дыщэ медаль къыщыхуэзыхьыфар зы щIалэ закъуэщ. Абы ипкъ иткIэ, ди къэралым и командэ къыхэхам зэхьэзэхуэм щиубыдар етIуанэ увыпIэрщ, Китайм и штангистхэм пашэныгъэр ирагъэхьри.

Гуапэ дыдэ тщыхъуащ зэхьэзэхуэр иуха иужькIэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Сырцов Сергей «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд телефонкIэ къепсалъэу и къуэшым и гъэсэным и текIуэныгъэмкIэ къызэрехъуэхъуар. Абы фэрыщIагъ лъэпкъ химылъхьэу къыхигъэщащ Мэжджыхь Эдуард щIалэ бланэм къыщымынэу, гъэсауэ, нэмыс лъагэ бгъэдэлъу зыкъызэригъэлъэгъуар икIи псоми пщIэшхуэ къызэрыхуащIыр.

Швецием - Европэм и чемпионатыр

Дуней псом и чемпион ухъуамэ, сыт нэгъуэщI ухуей?! Зыгъатхъэ, зыгъэпсэху! АрщхьэкIэ Мэжджыхь Эдуардрэ абы и тренер ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ здынэсам къыщыувыIэ цIыхукъым - ахэр лъагапIэщIэхэр зи плъапIэщ. Пэжщ, иужькIэ Швецием и Ландскрунэ къалэм щекIуэкIа европэ чемпионатыр и мыхьэнэкIэ дуней псом ейм хуэдэ хъуркъым, арщхьэкIэ, дэтхэнэ зэпеуэми щытекIуэныр и лъым хэпща хъун папщIэ, ари гъэунэхупIэ нэсщ. КъищынэмыщIауэ, дуней псом и чемпион цIэр зезыхьэм и зэфIэкIым апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм шэч къыщытригъэхьэ хъунукъым.

Мазэрэ ныкъуэрэ и пэкIэ Румынием щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым щытекIуа адыгэ щIалэм Швециеми къыщыпэлъэщын къыкъуэкIакъым. Абыи Мэжджыхь Эдуард и хьэрхуэрэгъу псори къыщызэринэкIащ икIи гугъу зримыгъэхьыщэми хъуащ: Европэм и дыщэ медалыр къихьын папщIэ тIэу бгъэдыхьэгъуэм къиIэта килограмм 381-р ирикъуащ. Хуей хъуамэ, нэхъыби къиIэтыфынут, ауэ и къарур зэригъэзахуэмэ нэхъыфIу къалъытащ. Псом хуэмыдэу илъэс тIощI фIэкIа уи ныбжьыр щымыхъум и деж - зэхьэзэхуэ ин куэд иджыри абы къыпоплъэ.

Швецием ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэу щиIа латыш щIалэ Плесниекс Артурс Мэжджыхьым килограммипщIкIэ къыкIэрыхуащ. Ещанэ увыпIэр къэзыхьа, Украинэм икIа Тагиров Сергей къыхуэIэтар килограмм 370-рэщ. А бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ адыгэ щIалэм зыри гъунэгъуу зэрызыбгъэдимыгъэхьэр икIи хуей хъумэ, зэрызричыфынур.

Инджылызым - Олимп джэгухэр

Спортым щича япэ лъэбакъуэхэм щегъэжьауэ Эдуард зи нэIэм щIэт тренер гъуэзэджэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и гъэсэныр текIуэныгъэ нэхъ иныжхэм трегъэгушхуэ. Абыхэм иджыпсту я плъапIэ нэхъыщхьэр 2012 гъэм Лондон щекIуэкIыну Олимп джэгухэрщ.

«Си хъуэпсапIэщ Инджылызым щекIуэкIыну Олимпиадэм сыкIуэу, абы сыщытекIуэну», - жеIэ Мэжджыхьым. Ар къехъулIэн папщIэ, абы зыхуей псори иIэщ. Гу лъыптэну ирикъунщ ягъэува хабзэм илъэситIкIэ япэ иту (илъэс пщыкIуплI ныбжьым) Эдуард спортым имастер зэрыхъуам, иджыпсту спортымкIэ дунейпсо классым и мастеру зэрыщытым. Апхуэдэ къежьапIэ зиIэм Олимп лъагапIэр и Iэрылъхьэу щытын хуейщ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

КъБР-м и Правительствэмрэ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр ЩIэныгъэ центрымрэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ я институтым и администрацэр, профсоюз комитетыр, лэжьакIуэхэр щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэ **Думэн Замир Билал и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш **Думэн Аслъэн Билал и къуэр** къэхъуа щIэщхъум зэрыхэкIуэдам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбэжь Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Къэрмокъуэ Хьэмид, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1,4-нэ нап.)*, Цей Заирэ *(2,3-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтыщI* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.014 ● Заказ №2881